ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№34 (24.472) • 2023 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 25, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Iуэхущ Iапiэхэм къызэратамкIэ



# Къэрал экономикэм и лъабжьэр къызэтещэхакъым

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил гъэ къэс, хабзэ хъуауэ, Къэрал Думэм и депутатхэм я пащхьэ ирелъхьэ блэкIа илъэсым къриубыдэу къэралым социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ игъуэта зыужьыныгъэмрэ къэкIуэнум тещIыхьа мурадхэмрэ къалэнхэмрэ къызыхэщ доклад. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек а къэпсэлъэныгъэм щыпэджэжащ и телеграм-каналым:**

«УФ-м и Правительствэм зригъэхъулIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ къэрал экономикэм и лъабжьэр быдэу, зэтемыщэхэжу къызэрынэфар, хамэ щIыналъэ куэдым а лъэныкъуэмкIэ щытыкIэ гугъум драгъэувва пэтми. Дэ дыпэлъэщащ ахъшэр пуд зэрыхъуми, ерыскъыкIэ дыкъызэрызэгъэпэщам и гугъу пщIымэ, ари дуней псом нэхъ щызэпIэзэрыт унэтIыныгъэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ.

Правительствэм япэ иригъэщ Iуэхугъуэхэм хохьэ цIыхухэм социальнэу защIэгъэкъуэныр: дэIэпыкъуныгъэ ягъуэт бын зыпI унагъуэхэм, зи ныбжьыр хэкIуэтахэм, зеужь узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэмрэ егъэджэныгъэмрэ. Къыпащэ «Анэ мылъку» къэрал программэми. Зи ныбжьыр илъэси 8 - 17 хъу сабийхэр зыпI адэ-анэхэм мазэ къэс яIэрыхьэ ахъшэми хэхъуащ. Апхуэдэу нэхъыбэ хъуащ цIыхур псэун папщIэ Iэмалыншэу зыхуеину ягъэува ахъшэ бжыгъэри. Сабий зыгъуэт унагъуэхэм хухах зэ тыгъуэу ират ахъшэ хъарзынэ. ЖыпIэнурамэ, ди къэралыр щытыкIэ гугъум щит лъэхъэнэм унагъуэхэм, бын зыпI адэ-анэхэм дэIэпыкъуныгъэфI ягъуэт.

Ди къэралым и Президент Путин Владимир иригъэкIуэкI политикэм, УФ-м и Правительствэм зэфIих лэжьыгъэшхуэхэм я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр зэпIэзэрыту къызэтена къудейкъым, атIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ. Ди республикэм щыдухуащ, къызыхуэтыншэу щызэдгъэпэщыжащ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, спортым епха IуэхущIапIэ куэд. Зыщаужь мэкъумэш IэнатIэм, промышленностым, турист Iуэхум, жыджэру щокIуэкI псэупIэ унэхэм, автомобиль гъуэгухэм я ухуэныгъэр, абыхэм къепха лэжьыгъэхэри дэщIыгъуу. А псоми я тегъэщIапIэ быдэщ щIыналъэм икI жэрдэмхэр Урысей Федерацэм и Правительствэм къызэрыддиIыгъыр.

Ди республикэр хьэзырщ къэралым и Президентымрэ Правительствэмрэ къытхуагъэув къалэнхэр къызыхуэтыншэу гъэзэщIэным. А псори хуэунэтIащ ди цIыхухэм я псэукIэм и фIагъым хэпщIыкIыу хэгъэхъуэным».

# ЩIыналъэхэм япыщIауэ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ видеозэпыщIэныгъэ Iэмалхэр къигъэсэбэпу хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и зэIущIэм. Абы 2022 гъэр зэрекIуэкIамрэ къэралым зригъэхъулIахэмрэ щытепсэлъыхьащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил, апхуэдэуи фракцэхэм я депутатхэм я упщIэхэм жэуап яритащ.**

МИШУСТИНЫР убгъуауэ къытеувыIащ санкцэхэм хэкIыпIэ къызэрыхуагъуэтым, дзэ Iуэху хэхам щыIэ сэлэтхэм зэрадэIэпыкъум, лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм дяпэкIи нэхъыбэу зэрызрагъэужьынум, медицинэ хуэIухуэщIэр цIыхухэм я дежкIэ нэхъ тыншу къызэгъэпэща зэрыхъум, нэгъуэщIхэми.

- Къэрал Думэм Урысей Федерацэм и хэгъэгухэм зэрадэлэжьэну IэмалыщIэхэр къегупсыс. Ар щIыналъэхэм щыIэ хабзэубзыху органхэм нэхъ быдэу пыщIа хъумэ, сэбэпынагъ куэд къыпэкIуэнущ. А Iуэху бгъэдыхьэкIэр дэркIи щхьэпэщ, уеблэмэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щIыналъэхэм я лIыкIуэхэм федеральнэ къулыкъущIэхэм къабгъэдэкI хъыбархэр занщIэу къытIэрыхьэнущ, Урысей Правительствэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэми дыхэтыну Iэмал диIэнущ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

УнафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, иджырей Урысейм дежкIэ хуабжьу гугъуу щытащ 2022 гъэр, кърахщIылIа санкцэхэм я зэранкIэ. Ауэ КъухьэпIэм сыт хуэдизу гугъу зригъэхьами, ди къэралым и социально-экономикэ щытыкIэр зэпIэзэрыту къызэтенащ, уеблэмэ зиужьащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ иджыблагъэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеслави щIыналъэ парламентхэм я спикерхэм зэIущIэ зэрадригъэкIуэкIар. Абы щыгъуэм къыхагъэщащ Къэрал Думэр лэжьэкIэщIэм зэрытехьэр, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр утыку къыщрахьэкIэ, щIыналъэ парламентхэм я унафэщIхэри видеозэпыщIэныгъэ Iэмалхэм тету е зэIущIэм зрагъэхьэлIэу зэрыхагъэлэжьыхьынур.

# Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэм теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу фи IэщIагъэм ирилажьэхэм я махуэмкIэ сынывохъуэхъу.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ а IэщIагъэм пэрыт фэ сыт щыгъуи пщIэшхуэ щывиIащ икIи щывиIэщ жылагъуэм я деж.

Библиотекэм, театрым, щэнхабзэмкIэ унэм, музейм - дэнэ фыщылажьэми, фщыщ дэтхэнэми фIыщIэ ин хузощI. Фэ тхыдэ, щэнхабзэ, псэкупсэ щIэину къытхуэнар хъумэным хуэфщI хэлъхьэныгъэм уасэ хуэщIыгъуейщ, ди лъэпкъхэм я бзэм зегъэужьыным, къыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу гъэсэным, къыщалъхуа Хэкур фIыуэ егъэлъагъуным, цIыхубэр зэкъуэгъэувэным ехьэлIауэ фэ евгъэкIуэкI лэжьыгъэр къызэрымыкIуэу инщ.

Быдэу си фIэщ мэхъу фи Iэзагъыр, зэчийр, Iуэхум фызэрыхуэпабгъэр Урысейм ис лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым я псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ щэнхабзэ дахэмрэ хъумэным, ди зэкъуэтыныгъэр нэхъри ефIэкIуэным зэрыхуэлажьэр.

Узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыныгъэ, творческэ къару фиIэну сынывохъуэхъу, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэку инымрэ нэхъри зэревгъэфIэкIуэн ехъулIэныгъэшхуэхэр дяпэкIи зыIэрывгъэхьэну си гуапэщ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хуащIа хэлъхьэныгъэшхуэм икIи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын**

**Тхьэгъэзит Юрэ Мухьэмэд и къуэм** - «Урысейм и ТхакIуэхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и правленэм и унафэщIым;

*цIэ лъапIэхэр яфIэщын:*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артист»**

**Растеряев Игорь Георгий и къуэм** - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и симфоние оркестрым и артист пажэм,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ»**

**Моттаевэ Светланэ Мустэфа и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редакторым,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист»**

**Куэшэр Анзор Хьэжбий и къуэм** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гуащэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм гуащэхэр зыгъэджэгу и артистым,

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»**

**Балъкъыз Майе Хьэту и пхъум** - «Мечиев К. и цIэр зезыхьэ, НыбжьыщIэхэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ библиотекэ - НыбжьыщIэхэм я унэ» щэнхабзэм щыхуагъасэ икIи щрагъаджэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм гъатхэпэм и 22-м*
*№26-УГ*

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 362-рэ кIэпIейкIэ 40-рэ;**

**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 330-рэ.**

**Ди индексыр П 5894**



# Къалащхьэм и псэукIэм зыщегъэгъуазэ

**КъБР-м и Iэтащхьэм Налшык къалэ и лэжьакIуэ пэрытхэм ядригъэкIуэкIа зэIущIэр къыщызэIуихым, псом япэу фIыщIэ яхуищIащ зауэ Iуэху хэхам къахуигъэув къалэнхэр ягъэзащIэу дзэм къулыкъу щезыхьэкIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ яхуэфэщэн гулъытэ зэрыхуащIым папщIэ. «ФIыщIэ яхузощI Iэщэ яIыгъыу нобэ ди мамырыгъэр зыхъумэ щIалэхэр, лIыхъужьхэр зыгъэса адэ-анэхэм. ТекIуэныгъэр дэращ къэзыхьынур», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. ЩIыналъэм и УнафэщIым къыхигъэщащ УФ-м и Президентым и пщэрылъхэм япкъ иткIэ, зауэ Iуэху хэхам хэтхэу дзэ къулыкъур езыхьэкIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр ятыным телэжьэну зэгухьэныгъэ республикэм къызэрыщызэрагъэпэщынур.**

КIУЭКIУЭ Казбек жиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIагъэкIыфар. Къэралым и УнафэщIым къазэрыхуигъэувам тету проект зыбжанэ щIэгъэхуэбжьауэ ягъэзэщIэнущ. Налшык и курорт щIыпIэхэм Iэмал хъарзынэхэр къызэрыдатыр къыхигъэщри, КIуэкIуэ Казбек къигъэлъэгъуащ къалэм и зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ туризмэр зэрыщытыр. Апхуэдэу республикэм и Iэтащхьэм жиIащ Налшык егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я щIыналъэ центруи къызэралъытэр. Къалащхьэм адэкIи зиужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ псэуныгъэм пыщIа тыншыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр егъэфIэкIуэным.

2019 - 2022 гъэхэм къалэм игъуэта социально-экономикэ зыужьыныгъэм, лъэпкъ проектхэр зэрагъэзэщIам зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Налшык и щIыпIэ администрацэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймураз. Социальнэ унэтIыныгъэмкIэ зэфIагъэкIахэр мащIэкъым: зи школ кIуэгъуэ мыхъуа цIыкIухэм папщIэ IуэхущIапIэ 17, курыт школ, Искож хьэблэм Щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ центр, спортым зыщыхуагъэсэну щIыпIэу 18 яухуащ. Сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ поликлиникэу 5-рэ абыхэм я къудамэхэмрэ, НыбжьыщIэхэм я театрыр, гимназие №1-р, мыгувэу апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ курыт школ №8-м. Республикэ Онкодиспансерым, лъэрыжэкIэ къыщажыхьыну уардэунэм я ухуэныгъэхэм, гъуазджэмкIэ еджапIэр, поликлиникэхэр зэгъэпэщыжыным, жыпхъэщIэм тет библиотекэхэр къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ ирахьэжьа Iуэхухэм къыпащэнущ. Кэнжэ, Белая Речкэ жылагъуэхэм амбулаторэщIэхэр щаухуэнущ, къалэм дэт курыт школищым корпусыщIэхэр къыпащIыхьынущ. Мы илъэсым и кIэм нагъэсыну я мурадщ къалэм и «КъухьэпIэ» хьэблэм тIысыпIэ 1500-рэ иIэу къыщрагъэжьа еджапIэмрэ иджырей пятиборьемкIэ центрымрэ я ухуэныгъэхэр.

Кхъахэ хъуа унэхэр нэхъ мащIэ щIынымкIэ федеральнэ программэмрэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ республикэ программэмрэ япкъ иткIэ, Налшык дэт общежит 14-м щIэс цIыхухэр 2024 гъэ пщIондэ псэупIэкIэ къызэрагъэпэщыну я мурадщ.

Хьэрычэт щIэныр зэрыдаIыгъым, административнэ и лъэныкъуэкIэ къэзылъахъэ Iуэхугъуэхэр зэрыIуахам и фIыгъэкIэ къалэм а IэнатIэми хъарзынэу зыщиужьащ. Мы зэманым Налшык щыIэщ хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIумрэ курытымкIэ субъект мин 27-рэ, зи щхьэ Iуэху дэзыгъэкIыжхэу цIыху мин 17-м нэблагъэ щопсэу. Муниципальнэ бюджетым и хэхъуэр нэхъыбэ хъуащ, абы Iэмал къарет социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэху нэхъыбэ зэфIахыну.

Къалэдэсхэм я тыншыгъуэр зэрырагъэфIэкIуэным пыщIа лэжьыгъэхэм къыпащэ. Илъэсищым къриубыдэу цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэу 18-рэ хьэблэ щхьэхуэхэм хиубыдэ пщIантIэу 233-рэ зэIузэпэщ ящIащ, абыхэм хохьэ къалэ жыг хадэ цIыкIухэр, псы Iуфэхэр. Я нэIэ трагъэтщ инфраструктурэ зыужьыныгъэхэми: псы зрикIуэ бжьамийуэ километри 100 яукъуэдиящ. Гъуэгухэр къэгъэнэхуным, уэрамхэм щхъуантIагъэхэр щыхэсэным, ЖКХ-м и IэнатIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэм щIадзащ. Техникэ мардэхэм къезэгъыу зэрагъэпэщыжащ къалэм и гъуэгуу километр 72-рэ. Апхуэдэ Iуэху нэхъ инхэр щекIуэкIащ, Кировым, Къуэныкъуейм, Лъостэным, Головко, Тэрчокъуэм, ЩоджэнцIыкIум, Кулиевым, Ленинным я цIэхэр зезыхьэ, Профсоюзнэ уэрамхэм. Абыхэм гъуэгум телъ асфальтхэр щызэрахъуэкIащ, лъэс зекIуапIэхэр щызэрагъэпэщыжащ, уэздыгъэхэр щыфIадзащ, автобус къэувыIэпIэщIэхэр щащIащ. 2023 - 2024 гъэхэм а лэжьыгъэм къыпащэнущ. Тэрчокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым Мэджджытжыгым и жыг хадэ цIыкIу къыщызэрагъэпэщынущ, пщIантIэу 100-м нэблагъэ зыхуей хуагъэзэжынущ. АдэкIи Iуэхухэм къыпащэу куэду зэхэтунэхэм зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ, спорткомплексхэр яухуэнущ. Техникэ мардэхэм къезэгъыу зыхуей хуагъэзэнущ Щоджэным, Къалмыкъым, Руставели, Мэзлом, Нэхущым я цIэхэр зезыхьэ, Осетинскэ, Къэбэрдей, Пятигорскэ уэрамхэр, ЕтIуанэ Тамань дивизэм и цIэр зезыхьэр. Къалэ гъуэгухэм трагъэувэну автобусыщIэу 65-рэ къащэхуну я мурадщ.

ЗэIущIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ куэдым щытепсэлъыхьащ. Апхуэдэу узыншагъэр хъумэнымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ IэнатIэхэм, щIалэгъуалэ политикэм зегъэужьыным, адэ-анэхэм я нэIэ щIэмытыжу къэна сабийхэр дэIэгъынымкIэ лэжьыпхъэхэм, къалэ транспортыр зэрызекIуэр егъэфIэкIуэным теухуауэ я еплъыкIэхэр къагъэлъэгъуащ.

КIуэкIуэ Казбек къалэдэсхэм я упщIэхэм жэуап щритым къыхигъэщащ зэман гъунэгъум къриубыдэу егъэджакIуэхэр дэIыгъынымкIэ Iуэхугъуэ пыухыкIахэр къызэрыхилъхьэнур. СПИД-мрэ узыфэ зэрыцIалэхэмрэ пэщIэтынымкIэ республикэ центрым ягъэIэпхъуэ лабораторэ къызэрыхуащэхуну Iэмалхэми хэплъэнущ. Пандемием и лъэхъэнэм зи къалэнхэр щIыхь пылъу зыгъэзэщIа медицинэ лэжьакIуэхэм фэеплъ хуагъэувынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

# Япэ игъэщыпхъэхэр

**КIуэкIуэ Казбек бэрэжьей кIуам иригъэкIуэкIа «муниципальнэ сыхьэтым» Iуэхугъуэ зыбжанэм щытепсэлъыхьащ. Абы хэтащ республикэм и къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ я Iэтащхьэхэр.**

ПСОМ япэрауэ, къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэм зэрадэIэпыкъум дяпэкIи къыпащэн зэрыхуейм. Иджыпстуи абыхэм хурагъашэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ зэпыуакъым, техникэкIи къызэрагъэпэщ. ЩIыналъэ Iэтащхьэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэмрэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ зауэ губгъуэм макIуэ, зауэлIхэр зыхуей-зыхуэфIхэр хуашэ.

«Сэ иджыблагъэ сыщыщыIам щIалэхэр къызэрызэлъэIуа псори яхуэтщIащ, гъуэгу гугъухэм тыншу ирикIуэ автомобиль зыбжанэ яIэрыдгъэхьащ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. Iэтащхьэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ абыхэм я унагъуэхэми гулъытэ хэха яхуэщIын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум. Мы гъэм ухуэныгъи 150-рэ зэрагъэпэщыжынущ е щIэуэ ящIынущ. Ахэр социальнэ IуэхущIапIэхэрщ, гъуэгущIэхэрщ. А Iуэхум иужь итынухэм зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ, лэжьыгъэм пэрыхьаи яхэтщ.

КъулыкъущIэхэм и гугъу ящIащ къуажэхэр гъэкъэбзэн, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейм, нэгъуэщIхэми.



# Мэкъумэш IэнатIэр къапщытэ

**2023 гъэм республикэм щекIуэкIыну губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрызыхуагъэхьэзырым щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш IуэхухэмкIэ, щIыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым къызэригъэпэща зэIущIэм. Хабзэ зэрыхъуам тету, пIалъэр къэса нэужь, а Iуэхур депутатхэм комитетым щызэпкърах.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и депутатхэр, зи гугъу ящI Iуэхур зи нэIэ щIэт министерствэхэмрэ къулыкъущIапIэхэмрэ, щIыпIэ самоуправленэхэм я лIыкIуэхэр.

Зэхуэсыр къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш IуэхухэмкIэ, щIыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **ТекIушэ Артур** къыхигъэщащ 2023 гъэм кърахьэлIэжыну гъавэм и бэвагъри, къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм къайхъулIэнур зыхуэдизри гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым зэрелъытар.

Абы теухуауэ Iуэхур иджыпсту зыIутым депутатхэр щигъэгъуэзащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Сыжажэ Хьэсэн**. Апхуэдэуи 2022 гъэм мэкъумэш IэнатIэм къыщрахьэлIэжахэм тепсэлъыхьащ.

Илъэс блэкIам мэкъумэшхэкIыу кърахьэлIэжар адрей гъэхэм елъытауэ проценти 110-рэ мэхъу. Хуэгъэфэщауэ къызэрабжамкIэ, мэкъумэшхэкIыу къыщIагъэкIащ сом мелард 77-рэ и уасэ, гъавэу кърахьэлIэжари зыхуагъэувыжа бжыгъэм щIигъуащ.

Министрым зэрыжиIамкIэ, 2023 гъэри нэхъыфIыжу къайхъулIэну гугъэ щыIэщ, нобэ щыщIэдзауэ губгъуэ лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъазэмэ.

ИджыкIэ хьэцэпэцэу гектари 2,5-рэ трасащ, сэн яухмэ, псори зэхэту гектар 219,4-рэ иубыдынущ. Былымым Iусыпхъэ яхуэхъунухэр гектар мин 11,5-м трасэнущ.

ГъавэхэкIыу трасэнухэм я жылэхэр щIым елэжьхэм мыгувэу яIэрыхьэнущ. НобэкIэ мэкъумэшыщIэхэм щIыгъэпшэру къаIэрыхьащ тонн мин 16,014-рэ, ар мы гъэм халъхьэн хуей щIыгъэпшэрым и процент 44,7-рэ мэхъу.

ЩIым елэжьхэм илъэс куэдкIэ къэкI пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэмкIэ къыщIадзащ, нобэкIэ гектари 120-рэ жыгыу ягъэтIысащ.

Техникэ и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам щытепсэлъыхьым, Сыжажэм жиIащ ар псоми зэрахурикъур, техникэкIэ щыщIэныгъэ зэрыщымыIэр. Республикэм трактор мини 5, гъавэр зэрызэщIакъуэж комбайн 554-рэ, Iусыпхъэр зэрыIуахыж комбайну 156-рэ зэрыщыIэр.

КъулыкъущIэм зэрыжиIамкIэ, мэкъумэш IэнатIэр дунейм и щытыкIэм куэдкIэ елъытащ, абы къыхэкIыу гъавэр уэм щыхъумэныр псоми я къалэн инщ. 2022 гъэм хэгъэгум уэм зэрыпэщIэт IэмэпсымэщIэу иджыри тIу щагъэуващ, ар Бэтэхрэ Светловодскэмрэ дэтщ.

Iуэхум республикэ мылъкуу текIуадэм министрыр щытепсэлъыхьым жиIащ 2023 гъэм нэхъ пасэу щIадзауэ мылъкур къэзыгъэсэбэпынухэм зэрыхуаутIыпщыр. Мы гъэм къэралым мэкъумэш IэнатIэм сом меларди 3,372-рэ хилъхьэнущ, ар нэгъабэрейм нэхърэ нэхъыбэщ. Мы ахъшэм щыщу мэкъумэш IэнатIэм зегъэужьыным сом меларди 2,750-р хухахынущ, сом мелуан 256-р губгъуэ лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэнущ.

КъищынэмыщIауэ, къэрал дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу лъэIу къэзыта цIыху 1100-м я ахъшэр яIэрыхьащ. Абыхэм я нэхъыбэр фермерхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэщ.

Сыжажэм жиIащ вэн-сэныр къалэнышхуэу зэрыщытыр, ар тэмэму зэфIэгъэкIыныр куэдым зэрелъытар. ИкIи дыщIигъуащ мыхьэнэ зиIэ зы Iуэхуи Iэпэдэгъэлэл зэрамыщIынур, псори я нэIэ зэрыщIэтыр, лэжьыгъэм пэрытхэм зэрапыщIар, дунейм и щытыкIэр зэран къахуэмыхъуу гъавэ бэв кърахьэлIэжыну зэрыгугъэр.

Зиужь ихьэну губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрыхуэхьэзырым теухуауэ къэпсэлъащ Май район администрацэм Мэкъумэш IэнатIэмкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ муниципальнэ щIым кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и унафэщI **Дедовэ Маринэ**, Тэрч щIыналъэ администрацэм Мэкъуэмэш IэнатIэмкIэ и управленэм и унафэщI **Шэрий Юрэ** сымэ.

Къэпсэлъахэм депутатхэм я упщIэхэм жэуап иратащ, субсидие зэрат щIыкIэхэм, гъавэм, жыгхэм псы зэрыщIагъэхьэм, грант зыIэрагъэхьэн папщIэ зыхуеину дэфтэрхэм, нэгъуэщIхэми тепсэлъыхьащ.

● Адыгэ Іуэрытх-2023





# Ди лъэпкъэгъухэр дэни щызэкъуегъэувэ

**«Трек» хьэщІэщым щагъэлъэпІащ Адыгэбзэмрэ адыгэ тхыбзэмрэ я махуэм ирихьэлІэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм мы гъэм етхуанэу гъатхэпэм и 14-м иригъэкІуэкІа «Адыгэ Іуэрытх-2023» Іуэху дахэм къыхэжаныкІа егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэр, нэгъуэщІ ІэнатІэхэм щылажьэхэр. Ар хуэгъэпсащ ди лъэпкъыбзэр хъумэным, абы и пщІэр къэІэтыным, зегъэужьыным, нэхъри егъэфІэкІуэным. Анэдэлъхубзэм и пщэдейм игъэгузавэ цІыху куэд хэтащ мы Іуэхум.**

- НЫБЖЬЭГЪУ лъапІэхэ, ди нэхъыжьыфІхэ, ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ! Зэхыхьэ гуапэм зыкърезыгъэхьэлІа дэтхэнэми къыдгурыІуэ лъэпкъым зиужьын, ди пщэдейр дахэу щытын папщІэ нэхъыщхьэр ди бзэр, хабзэр, нэмысыр тхъумэжыныр зэрыарар, - жиІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. - ЗэрытщІэщи, нэхъыжьыфІ зимыІэм нэхъыщІэфІ къыщІэхъуэркъым. Анэдэлъхубзэм зезыгъэужь, ар зыхъумэ, абы телажьэ нэхъыжьхэр ди мащІэкъым! Апхуэдэщ пшыхьым къедгъэблэгъахэу КІурашын Андзор, Езауэ Андзор, Дзэмыхь Къасболэт, ГъукІэпщокъуэ Мурат, Хъурей Феликс, ХьэІупэ ДжэбрэІил, Иуан Пётр, ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, БакІуу Хъанджэрий, Гъут Іэдэм, Тэтрокъуэ Астемыр, Щхьэгъэпсо Сэфарбий сымэ, нэгъуэщІхэри. Дэтхэнэми фІыщІэ фхуэфащэщ!

Сэхъурокъуэр тепсэлъыхьыжат адыгэхэр жыджэру зыхэт, лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ «Адыгэ Іуэрытх» Іуэху дахэр къызэрыхалъхьауэ щытам икІи фІыщІэ яхуищІащ ар къадэзыІыгъхэм. Апхуэдэхэщ республикэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и еджапІэхэр, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ пыщІа ІуэхущІапІэхэмрэ къулыкъущІапІэхэмрэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр. Мы гъэм ар зэпэІэщІэуи зэхыхьэ жыпхъэм итуи ирагъэкІуэкІащ. ІуэхущІапІэ щхьэхуэхэм емыкІуэлІэфынухэм иджырей технологием и зэпыщІэныгъэхэмрэ Іэмалхэмрэ къагъэсэбэпыну, ДАХ-м и сайтым, интернетым щиІэ напэкІуэцІхэм апхуэдэхэм я щІэныгъэр къыщапщытэну къызэрыхурагъэжар. Іуэхум хэтащ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, УФ-м и щІыналъэ 43-м, Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Голландием, нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, абы и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я ІуэхущІапІэ щитІым Іуэрытхыр (диктантыр) щрагъэкІуэкІащ. Нэхъыбэ щызэхуэсащ Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм, Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ мэкъумэш къэрал университетым. Псори къызэщІэпкъуэжмэ, абы цІыху минийм нэблагъэ къызэщІигъэуІуащ, интернет Іэмалым и нэтын занщІэкІэ къата Іуэрытхыр цІыху 300-м щІигъум ятхащ.

Іуэху дахэм зэрыхэтам щыхьэт техъуэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и щІыхь тхылъыр иратыжащ Іуэрытхым хэтахэм ящыщу адыгэ тхыбзэм нэхъ хуэІэзэу къалъытахэм. Ар хуагъэфэщащ цІыхуи 100-м нэблагъэм. Абыхэм яхэтщ къэрал къулыкъущІэхэр, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ пыщІа ІэщІагъэлІхэр, школ унафэщІхэр, егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэр, студентхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр.

- Илъэс зыбжанэ хъуауэ мы Іуэху дахэм сыхэтщи, гу лъызотэ гъэ къэс абы нэхъри зэрызиужьым, хэт цІыхухэм я бжыгъэм къызэрыхэхъуэм, щІалэгъуалэр абы зэрыдихьэхым. ДяпэкІи нэхъри зиужьыну си гуапэщ! - жиІащ КъБР-м Лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министерствэм и Іэтащхьэ КІурашын Андзор.

КІурашыным министерствэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъ яритыжащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм пыщІэныгъэ ин зэрыхуаІэм папщІэ зыхуагъэфэщахэм. Апхуэдэу республикэм и Іэтащхьэм Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд хуигъэфэща фэеплъ медалыр иритыжащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ.

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием зэфІиха лэжьыгъэхэм къытеувыІащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий. ЩІэблэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныр, хьэрычэт Іуэхум зыхэзыгъэгъуэзэну щІалэгъуалэр хамэ къэрал еджапІэхэм кІуэнымкІэ ядэІэпыкъуныр, щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэныр, къэбэрдей-шэрджэс литературэм и тхыдэр, нэгъуэщІ тхылъ щхьэпэхэр къызэрыдагъэкІар жиІащ абы. Щхьэгъэпсо Сэфарбий ЩІДАА-м и бгъэхэІу дамыгъэр зыхуагъэфэща Сэхъурокъуэ Хьэутий иритыжащ.

- Адыгэ Іуэрытхым къыхэжаныкІа егъэджакІуэхэм ящыщ куэд жыджэру хэтащ 90 гъэхэм къыхэтлъхьауэ щыта «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэхьэзэхуэми. Абыи ноби къыпыдощэ. ДяпэкІи Тхьэм фригъэфІакІуэ! Фи щІэблэр, еджакІуэ цІыкІухэр куэду мыпхуэдэ зэхыхьэхэм къыхэфшэфу, я зэфІэкІ ягъэлъагъуэу бзэм ирилэжьэну ди гуапэщ! - жиІащ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд.

Хабзэ дахэ хъуауэ, ди лъэпкъэгъухэр куэду щыпсэу республикэхэмрэ къэралхэмрэ илъэс зыбжанэ хъуауэ къыщызэрагъэпэщ Дунейпсо адыгэ Іуэрытхыр и щыхьэтщ бзэр зэрыгъунапкъэншэм, абы дэнэ щІыпІэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри зэрызэкъуигъэувэм. Лъэпкъым и цІыху пажэхэр, бзэмрэ хабзэмрэ зи псэм щызыгъафІэ хэкупсэхэр къызэщІэзыубыдэ а Іуэху дахэр зи жэрдэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм анэдэлъхубзэмкІэ и къудамэм абы дяпэкІи къыпищэну, диктант мыхъуу, лъэпкъым и Іуэху зэІумыбзхэм, и зыужьыныгъэм теухуа гупсысэхэр къыщыхьа сочиненэ яригъэтхыну и мурадщ. Іуэрытхым и мурад нэхъыщхьэщ адыгэбзэм и пщІэр къэІэтыныр, лъэпкъым анэдэлъхубзэмкІэ бгъэдэлъ щІэныгъэр адэкІи егъэфІэкІуэныр, щэнхабзэр хъумэныр.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыІакІуэхэу Даур Иринэ, Хьэкъул Оксанэ, ГъукІэ Ислъам, адыгэбзэм теухуа усэ къеджахэу Маргъущхэ Тамерланрэ Иринэрэ, нэгъуэщІхэми.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Правительствэм

# ЗэрадэІэпыкъун мылъку хухах

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ Іуэхугъуэ зыбжанэм щыхэплъа зэІущІэ.**

ХЬЭПШЫП къэщэхунымрэ абы епха Іуэхутхьэбзэхэмрэ ятеухуауэ зэраухылІэ къэрал зэгурыІуэныгъэм тету хьэпшыпыр къыщысэбэпыну щІыпІэм нэгъэсынымкІэ ялэжь Іуэхутхьэбзэхэм щІатыну ахъшэм щыщ Іыхьэу япэщІыкІэ къратунум и бжыгъэм ехьэлІауэ КъБР-м и Правительствэм къыхилъхьа проектыр игъэбелджылащ КъБР-м финансхэмкІэ и министр Лисун Еленэ. Министрым зэрыжиІамкІэ, зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуам и процент 30-м щегъэжьауэ 90-м нэс ират хъунущ. Илъэс кІуами а бжыгъэ дыдэхэр ягъэбелджылауэ щытащ.

Медицинэ Іэмэпсымэ къэщэхунымрэ къешэлІэнымрэ ятеухуа къэрал зэгурыІуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа Іэмалхэм зэхъуэкІыныгъэ хилъхьэну хуитыныгъэ игъуэтащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм. Ахэр зыхуэдэнум тепсэлъыхьащ министр Къалэбатэ Рустам.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министр Асанов Алим тепсэлъыхьащ дзэм къулыкъу щезыхьэкІхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ, къэралым и гулъытэ щыгугъ нэгъуэщІхэм зэрадэІэпыкъун мылъку яхухэхынымкІэ щыІэ Іэмалхэм теухуауэ КъБР-м и Правительствэм игъэбелджыла Іуэхухэм. Ар республикэм и Іэтащхьэм и унафэкІэ ягъэхьэзыращ. Мы Іуэхум папщІэ КъБР-м ФинансхэмкІэ и министерствэм къыІахыу КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министерствэм иратынущ сом мелуан 20.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ Урысей Федерацэм Хамэ къэрал ІуэхухэмкІэ и министерствэм Дунейпсо зэхущытыкІэхэмкІэ и къэрал институтымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ зэраухылІа зэгурыІуэныгъэр игъэбелджылащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис. ЗэгурыІуэныгъэр теухуащ ди республикэм и цІыхухэм а институтым я щІэныгъэр щыхагъэхъуэным, еджакІуэ зэрагъэкІуэну Іэмалхэм.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Мы махуэхэм

**Гъатхэпэм и 25,** *щэбэт*

✦**Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я махуэр**

✦**ЦІыхур гъэпщылІыныммрэ щхьэхуимытхэмкІэ сату щІынымрэ я лей зытехьахэм я дунейпсо махуэщ**

✦**ООН-м и лэжьакІуэхэу гъэру яІыгъхэм, хъыбарыншэу кІуэдахэм къащхьэщыжыным и дунейпсо махуэщ**

✦**Спорт киноми и дунейпсо махуэщ**

✦**1898 гъэм** къалъхуащ кавказыбзэхэр зыджа щІэныгъэлІ, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, Грузием щІэныгъэхэмкІэ и академием и академикыу щыта, Абхъазым, КъБР-м, Шэшэн, Ингуш, Дагъыстан республикэхэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Грузием и къэрал саугъэтым и лауреат **Чикобавэ Арнольд**.

✦**1959 гъэм** къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академикыу щыта **ЦІыпІынэ Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 -18, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 26,** *тхьэмахуэ*

✦**Къэмэх узыфэр зыпкъырытхэм я махуэщ**

✦**Урысейм и МВД-м и къэрал кІуэцІыдзэхэм я махуэщ**

✦**1917 гъэм** Налшык ГъэзэщІакІуэ комитет къыщызэрагъэпэщащ.

✦**1925 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ **Балъкъэр Фоусэт**.

✦**1953 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, республикэм и Парламентым и депутату щыта **Тыкъуэ Зое**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Махуэм хуабэр градус 12 - 13, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 27,** *блыщхьэ*

✦**Театрым и дунейпсо махуэщ**

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ**.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**ЖьантІэм ущІэмыкъу, пхуэфащэмэ, къыплъысынщ.**

# ИНЧЫ Иринэ: Ядэслъагъур цIыхугъэщ, гуапагъэщ

**● Ди хьэщIэщым**

*Педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент Инчы Иринэ Къэралбий и пхъур Тыркум и Къайсэр къалэм дэт Эрджиес университетым Адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмкIэ и кафедрэм щолажьэ. КъБКъУ-м ЕгъэджакIуэхэм я IэщIагъэм щыхагъахъуэ и институтым Адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ егъэджэнымкIэ, теориемрэ методикэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу щытащ Иринэ. Адыгэбзэр зэрырагъаджэ методикэм куэду телэжьыхьащ. IэмалыщIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ сабийхэр адыгэбзэм зэрыдебгъэхьэхыным егъэджакIуэхэр хуигъасэу Налшык щыIащ. Иджы щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэм адыгэбзэр зэрыщригъэджым, хэхэс адыгэхэм я лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр зэрахъумэм, егъэджэныгъэ IэнатIэм зыщрихьэлIэ Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ Иринэ къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.*

**- Иринэ, дэ фIыуэ удоцIыху Налшык щепхьэкIа лэжьыгъэмкIэ, дауэ утегушхуа Тыркум егъэджакIуэу укIуэну? Дапщэщ лъандэрэ ущылажьэрэ?**

- Тыркум адыгэ нэхъыбэ хэхэсу зэрыщыпсэур псоми дощIэ. Адрей къалэхэм хуэмыдэжу, Къайсэр адыгэ куэд дэсщ. Абы къыхэкIыу, мы къалэм дэт Эрджиес университетым адыгэбзэмкIэ кафедрэ къыщызэIуахыну илъэс зыбжанэ хъуауэ загъэхьэзырырт. Сэ абы сыщылэжьэну си пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым. Си лэжьыгъэм сфIэфIу сыпэрытт, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ щэныфIэхэм, гуапэхэм, губзыгъэхэм, псэемыблэжхэм садэлажьэрт, курсхэр езгъэкIуэкIырт, федеральнэ программэ зэмылIэужьыгъуэхэм сыхэтт, абыхэм ди егъэджакIуэхэр зэрыхэсшэным иужь ситу.

Дызэримыгугъэу гъащIэм зэхъуэкIыныгъэхэр егъуэт. Эрджиес университетым Адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмкIэ кафедрэр къыщызэIуахым, доценту срагъэблэгъащ, 2018 гъэ лъандэрэ абы сыщолажьэ.

**- ЦIыху дапщэ къыщIэтIысхьэрэ ущылажьэ къудамэм? Дапщэм къауха нобэкIэ, иджыпсту щеджэм я бжыгъэр къыджепIэн?**

- 2018 гъэм и бжьыхьэм япэ курсыр къэтщтащ. Адыгэбзэр яджыну университетым цIыху 31-рэ къыщIэтIысхьат, абыхэм ящыщу цIыхуиблыр тыркут, адрейхэр адыгэт. Апхуэдиз студент дызэриIэр хуабжьу гуапэ тщыхъуат, дыщыгуфIыкIат. 2021 гъэм япэ гупым, цIыху 15-м, еджэныр къаухащ. ИужькIэ къыщIэтIысхьахэми я бжыгъэр а 30-м нэсырт, ауэ коронавирусым и зэманым цIыху 17-м хуэкIуащ.

2022 - 2023 гъэ еджэгъуэми цIыху 29-рэ къэтщтащ. Иджыпсту псори зэхэту курсиплIым студент 60 щыдогъаджэ. Ди студентхэм ящыщ куэдым щIэныгъэ етIуанэ зрагъэгъуэтыну къыщIэтIысхьэу аращи, ныбжь нэхъ зиIэхэри, лэжьыгъэ IэнатIэ Iутхэри яхэтщ. Ауэ лъэкI къамыгъанэу йогугъу, еджапIэр зэрыхыфIамыдзэжыным иужь итхэщ.

**- АдыгэбзэмкIэ кафедрэм и лэжьыгъэм, абы Iуэху щызыщIэхэм, хэхэсхэм я бзэр яджыжыным теухуауэ университетым щыIэ хабзэхэм укъытхутепсэлъыхьамэ арат, Иринэ.**

- Къыхэзгъэщыну сыхуейщ университетым адыгэбзэ кафедрэр къыщызэIуахын папщIэ зи гуащIэ хэзылъхьа адыгэ профессорхэу доктор Озтюрк (Лэнкъуэж) Илъхьан (а зэманым щIэныгъэмкIэ факультетым и декант), инженерхэмрэ машинэухуэхэмрэ щагъэхьэзыр факультетым и профессор доктор Озден (Къущхьэ) Седат. Мыхэр мыхъуамэ, кафедрэр иджыри щIэх къызэIуахынтэкъым. Лэнкъуэж Илъхьан Налшык фIыуэ къыщацIыху. Информатизацэмкiэ институтым къызэригъэпэщу щыта конференцхэм щыIащ, абы и унафэщIу щыта Нэхущ Iэдэм дэлэжьащ, уеблэмэ и цIэкIэ ятхыжа тхылъым Илъхьан и гукъэкIыжхэр ихуащ.

Ди кафедрэр къыщызэIутхым псом япэу программэр дгъэхьэзыращ. Абы къызэщIеубыдэ еджэныгъэр, тхыгъэр, псэлъэнымрэ едэIуэнымрэ, урысыбзэр, морфологиер, синтаксисыр, мифологиер, адыгэ сабий литературэр, адыгэ литературэр, адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ, зэдзэкIыныр, нэгъуэщIхэри. Тырку хабзэмкIэ кафедрэм и унафэщIу щытын хуейр къэралым и цIыхущ. Ди кафедрэм и тхьэмадэ Илдырым Ариф тырку щIалэщ, илъэси 10-кIэ Москва къэрал университетым щылэжьащ, урысыбзэмкIэ щIэныгъэлIщ. Ар бзэмкIэ хуабжьу къыддоIэпыкъу, цIыху хъарзынэщ, щэныфIэщ, гу къабзэщ, гъэсэныгъэ зыбгъэдэлъщ. Сэ Алыхьым фIыщIэшхуэ хузощI, мыбы сызыщрихьэлIэ цIыхуфIхэм щхьэкIэ.

Езы Эрджиес университетым теухуауэ интернетым гъэщIэгъуэн куэд фыкъыщеджэфынущ. Абы и литературэ факультетыр лъэщщ. Ар къыхокI бзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрырагъэджым: адыгэбзэ, тыркубзэ, урысыбзэ, ермэлыбзэ, иврит, китаибзэ, кореибзэ, хинди, японыбзэ, нэгъуэщIхэри. Тырку къэралыгъуэм зэрызиужь программэм ипкъ иткIэ, хэхэсхэм я бзэр яджыжыну хуит ящI, абы папщIэ программэхэри ягъэхьэзыр. Псалъэм папщIэ, курыт еджапIэхэм адыгэ сабийхэр пщыкIуий щызэрыгъэхъурэ, «адыгэбзэ деджэну дыхуейщ», - жаIэмэ, ар къыхузэрагъэпэщынущ. Апхуэдэу ди анэдэлъхубзэр курыт еджапIэ куэдым щадж.

**- Дэ зэрытщIэмкIэ, Къайсэррэ Дюзджэрэ дэт университетхэм щолажьэ адыгэ къудамэхэр. НэгъуэщI къалэхэми къыщызэIуахауэ пIэрэ? Школхэм бзэр зэрыщрагъаджыр узыщыгуфIыкIынщ.**

- Школхэм зэрыщрагъаджэ тхылъхэр методикэ лъэщым тету зэхалъхьащ, щхъуэкIэплъыкIэ дахэурэ ягъэхьэзыращ. Гупхэм хэтщ ныбжькIэ, щIэныгъэкIэ зэхуэмыдэхэр. Псалъэм папщIэ, бзэмкIэ мыпсэлъэфхэри екIуу псалъэхэри, илъэсибл фIэкIа мыхъухэри, зи ныбжьыр илъэс 12 е нэхъыбэ хъухэри зэхэсщ. Апхуэдэ лэжьэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрми сыщрихьэлIауэ щытащ. Тырныауз къалэ Отаровым и цIэр зэрихьэу дэт лицей №1-м щолажьэ егъэджакIуэ бэлыхь, зи цIэр ину пIэт хъуну КIэмыргуей Тосэ. Абы и лэжьыгъэр къэтпщытэну еджапIэм дыщыкIуам, гъэщIэгъуэн дыдэ сщыхъуауэ щытащ: адыгэбзэ дерсым щызэхуэсат еджакIуэ нэхъыщIэхэри нэхъыжьхэри. Сабийхэри сыхьэт бжыгъэри зэрымащIэм къыхэкIкIэ, апхуэдэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэр щызэхэс егъэджэкIэм хуэкIуэн хуей хъуахэт. Апхуэдэ гупым егъэджакIуэм и пщэм къыдилъхьэ къалэн гугъухэм Тосэ зэрыпэлъэщар сигу икIыжкъым. А гуп зэхэшэкIэм и лъэныкъуэ хъарзынэщ адыгэбзэр практикэ щIыкIэм тету зэрырагъэджыр. ДжэгукIэхэр, зэпсэлъэкIэхэр, социально-коммуникативнэ технологиехэр щыкуэдщ, грамматикэр щымащIэщ.

Иджыпсту адыгэбзэр щаджыр зи гугъу пщIа университетитIращ. Дюзджэ - хьэтыкъуеибзэр, Къайсэр къэбэрдеибзэр щадж. Университетым щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэтам Хасэхэми адыгэбзэр щригъэдж хъунущ, къэрал лэжьапIэ ув, полицэм щылажьэ хъунущ.

**- Факультетым къыщIэтIысхьэхэм бзэр ящIэрэ? Хьэмэрэ алыфбейм щыщIэдзауэ фадэлажьэрэ?**

- Ди студентхэр гупищу зэхэтщ: бзэр зыщIэ, тхэф, еджэф, тхылъхэр, статьяхэр зытхыф; бзэр зымыщIэ, ауэ къызыгурыIуэ; бзэр зэи зэхэзымыхахэр. Нэхъыбэм бзэр ящIэркъым, кириллицэр яцIыхуркъым. Абы къыхэкIыу адыгэбзэр алыфбейм къыщыщIэдзауэ идогъэдж.

**- Хэхэс адыгэхэм я щIалэгъуалэм фащыдэлажьэкIэ, фолъагъу абыхэм я дуней тетыкIэр, хьэл-щэнхэр, зэхэтыкIэр. Сыт хуэдэ ахэр? Тыркухэм ещхь хъуа, хьэмэрэ лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр, хабзэр, лъэпкъ зыхэщIыкIыр ядэфлъагъурэ, яхэлъыж? НэгъуэщIу жыпIэмэ, адыгэу къызэтена?**

- Сэ ди студентхэм ядэслъагъур цIыхугъэщ, гуапагъэщ, бзэ IэфIагъэщ, гъэсэныгъэщ, хуитыныгъэщ, щIалэгъуалэр зэIухащ. ЗэрыжысIащи, дэ адыги тыркуи идогъаджэ. ЦIыхугъэр дэни щыцIыхугъэщ. Тыркум щыпсэу адыгэхэр тыркухэм ещхь хъуарэ мыхъуарэ сэ жысIэфынукъым, ауэ Хэкум щыпсэу адыгэхэм къазэрыщхьэщыкIыр нэрылъагъущ. НэгъуэщIуи хъункъым. Мыр нэгъуэщI къэралщ, щызекIуэр нэгъуэщI бзэщ, нэгъуэщI хабзэщ. Ауэ адыгэхэр зы зыщIу, лъым хэлъу гу зылъыстэр, нэхъыжьым пщIэ зэрыхуащIырщ, щIэныгъэм зэрыхуэпабгъэрщ, адыгэгу зэракIуэцIылъырщ. Лъэпкъ зыхэщIыкIыр дэтхэнэми къыдокIуэкI.

**- ЗэрыжыпIэмкIэ, щIалэгъуалэм бзэр ямыщIэми, адыгэну хуейщ.**

- Дэ дызрихьэлIэ щIалэгъуалэр нэхъыбэу ди студентхэращи, ахэр адыгэбзэ къудамэм къыщIыщIэтIысхьар бзэр, къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэр ящIэну хуейуэ аращ. Аракъэ адыгэну хуейм къикIыр?! Зы мащIэми хуабжьу щогуфIыкI, яфIэгъэщIэгъуэну махуэхэм я цIэр зэрагъащIэ, адыгэ нэщэнэхэр, псалъэжьхэр телъыджэ къащохъу. Псалъэжьхэм я мыхьэнэр зэрыкуур, купщIэшхуэ зэраIэр езыхэм жаIэ. ЯфIэфIу адыгэ псалъэжьхэр тырку псалъэжьхэм ирагъапщэ. Тхыдэри, хабзэри, бзэри хъарзынэу къащтэ, я унагъуэхэм ар щаIуэтэж. Апхуэдэу щыхъукIэ, ди студентхэм нэмыщI, абыхэм я унагъуэми дыщылажьэу жытIэ хъунущ.

**- Иринэ, уэ илъэс зыбжанэ хъуауэ Тыркум ущопсэу, ущолажьэ. ЩIалэгъуалэм и закъуэ мыхъуу, абы щыIэ адыгэхэм нобэ я псэукIэм, гупсысэкIэм утезгъэпсэлъыхьынут. Уэ пцIыху балигъхэм, унагъуэхэм я лъэпкъ зэхэщIыкIыр сыт хуэдэ? Бзэр зыщIэр куэд хъууэ пхужыIэну?**

- ГуфIэгъуэкIэ е гузэвгъуэкIэ, благъагъэкIэ унагъуэ куэдым сихьащ сэ. Мыбы щыIэ нэхъыжьхэр къуажэхэм къыщыхъуащи, адыгэбзэр фIыуэ ящIэ, адыгэ гушыIэкIэ дахэ яхэлъщ. Дахащэу зохъурджауэхэр. ЕмыкIумрэ екIумрэ зэхащIыкI, сэркIэ ар лъапIэщ. Нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ я тIысыпIэхэр ящIэ, унагъуэ хабзэр яIыгъщ. Дауи, абы зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэри игъуэтащ. СэркIэ ари тэмэмщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хабзэр ижыхьакъым, ар лантIэщ, зэманымрэ узыхэт дунеймрэ епхащ. Псом нэхъыщхьэр пкъыращ, ар псэумэ, лъэпкъ зэхэщIыкIыр къэнэнущ.

Псалъэм папщIэ, си пщыпхъум и унагъуэм ис сабийхэр псори адыгэбзэкIэ мэпсалъэ. Илъэс пщыкIубгъу хъууэ зы пхъурылъху щIалэ яIэщи, ар, езым зригъэсэжауэ, адыгэ пшынэ йоуэ, уэрсэру мэпсалъэ, адыгэ нэтынхэм интернетымкIэ йоплъ, уэрэдхэм йодаIуэ. Абы и шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIур екIуу къофэ, ари мэпсалъэ, йоджэ. Мы унагъуэм адыгэбзэкIэ псори щопсалъэ, я сабийхэр Хасэм макIуэ.

Хасэхэм мыхьэнэшхуэ щаIэщ Тыркум, ахэр щэнхабзэ центр хъуащ. ЩIалэгъуалэ куэд зэхуашэсыф, адыгэ щэнхабзэм ирашэлIэф. Лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI абыхэм. КIэщIу жыпIэмэ, сэ сызрихьэлIа цIыхухэм я нэхъыбэм бзэр ящIэ, иропсалъэ. Зыгуэрхэм къагуроIуэ, ауэ псэлъэфыркъым.

**- Къайсэр щыIэ Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм нэхъ убгъуауэ утезгъэпсэлъыхьынут.**

- Къайсэр ХаситI дэтщ. Зыр щэнхабзэм, бзэм, щIалэгъуалэ Iуэхум нэхъ епхащ, адрейр нэхъыжьхэмрэ динымрэ нэхъ толажьэ. ТIуми я нэIэ къыттет зэпытщ. Кафедрэр къызэIухыным иужь итахэм ящыщщ Хасэхэр, икIи ялъэкI къамыгъанэу студентхэр адыгэбзэ къудамэм къэрашалIэ. Хэхэс адыгэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ абыхэм. Сэ сызэреплъымкIэ, Къайсэр и Хасэхэм я къудамэхэр нэхъыбэу къалэм дэтын хуейт, сабийхэр нэхъ тыншу адыгэ унэм къэрашэлIэфын папщIэ. Хасэм адыгэбзэмкIэ курсхэр щокIуэкI, сабийхэм, щIалэгъуалэм къэфэкIэ щрагъасэ, бзэм зиужьыным йолэжь. «Зы бзэ - Адыгэбзэ» гуп щыIэщи, ахэр бзэм кIэлъоплъ. Этимологие и лъэныкъуэкIэ псалъэхэр зэпкърах. Токъмакъ Айдын и еплъыкIэр щитхыжащ «ЩIы, уэ, псы, бзэ. Ди бзэ - Адыгэбзэ» тхылъ гъэщIэгъуэным.

Хасэм кърихьэжьа IуэхущIэхэм ящыщу къыхэзгъэщынут адыгэ кхъуейм и патентыр къызэрыIахар. Иджы кхъуей щыхах завод зэрагъэпэщауэ, адыгэ кхъуей плъыжь ящI, ящэ. АбыкIэ Къайсэр и къалэ унафэщIыр хуабжьу къадэIэпыкъуащ. ЖыIэн хуейщ лъэпкъ IуэхухэмкIэ тырку къэралыгъуэр Хасэхэм фIыуэ зэрадэIэпыкъур.

Абыхэм къадэкIуэу адыгэ шхыныгъуэхэр зэрапщэфIым щыхуагъасэ курс щыIэщ Хасэм. Абы папщIэ пщэфIапIэ зэгъэпэща яIэщ. КъБР-м щыщ Къущхьэ Оксани зыбжанэрэ кърагъэблагъэри, мастер-класс итащ.

ХаситIри университетым дыщихьэщIэщ. Сыт щыгъуи дызэпыщIащ, дызэрыIыгъщ. Адыгэбзэм Тыркум зыщиубгъунымкIэ, щэнхабзэр цIыхухэм яхэлъхьэнымкIэ, адыгэ лъэпкъ зыхэщIыкIыр лъым хэпщэнымкIэ Хасэм лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIыр жысIэфынущ. Абы и лъэныкъуэкIэ дэтхэнэ зыми фIыщIэшхуэ хуэфащэщ.

**- Уэ узэреплъымкIэ, сыт хуэдэ къэкIуэн яIэ Тыркум щыхэхэс ди лъэпкъэгъухэм? Ахэр хэшыпсыхьыжыну жызыIэхэм къадэпщтэрэ хьэмэрэ дызыхэпсэукI лъэхъэнэм ди зэпыщIэныгъэхэр нэхъ зэрефIэкIуам, лъэпкъ зэхэщIыкIыр нэхъ къэушыж зэрыхъуам я фIыгъэкIэ, къызэтенэну?**

- Мыр упщIэ гъэщIэгъуэнщ. Си гугъэмкIэ, Тыркум щыпсэу хэхэс адыгэхэм гъуэгуитIри къапэщылъщ. Язынықъуэхэр я IуэхущIафэмрэ я фейдэмрэ хигъэшыпсыхьыжынущ, адрейхэр, е инэхъыбэр, я лъэпкъ зэхэщIыкIыр текIуэнурэ, адыгэу къызэтенэнущ.

Пэжщ, ди зэманым зэпыщIэныгъэхэр нэхъ ефIэкIуащ, ауэ ахэри сфIэмащIэщ. Хэкум кIуэн-къэкIуэжыныр нэхъ тынш, нэхъ пуд хъун хуейщ. Къэбэрдей, Шэрджэс, Адыгей щIыналъэхэм зэи щымыIа хэхэсым и нэгу къыхущIэгъэхьэнукъым адыгэ псэукIэр, гупсысэкIэр, зэхэтыкIэр. Ди студентхэр бзэмкIэ практикэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым нэтшэну дохъуапсэ, ар къыддэзыщтэн, къыддэзыIыгъынхэм дащощIэ. ФIы дыдэ хъунут Эрджиес университетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ зэдэлэжьэнымкIэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIамэ.

Ди студентхэр Налшык накIуэмэ, хэкурыс студентхэм ядеджэмэ, къэрал псэукIэр ялъагъумэ, адыгэхэм яхыхьэмэ, адыгэбзэр нэхъ тыншу зэрагъэщIэнут, я адыгэпсэми «дамэ къытекIэнут».

*Епсэлъар*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**



# Хьэмдэхъухэ я унагъуэ дахэр

**«Унагъуэр анэдэлъхубзэм, хабзэм я хъумакIуэщ» фIэщыгъэм щIэту гъатхэпэм и 3-м Налшык къалэм щекIуэкIа республикэ зэпеуэм («АП» №27) Прохладнэ щIыналъэм хыхьэ Къэрэгъэш къуажэм щыщ Хьэмдэхъухэ я унагъуэ дахэр щытекIуащ**.

ДифI догъэлъапIэ



А ЗЭПЕУЭР къызэзыгъэпэщар КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и къудамэу «Егъэджакlуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ центрырщ».

ЗанщIэу къыхэгъэщыпхъэщ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм мыхьэнэ тIууащIэ-щащIэ зэраIэр. Ар анэдэлъхубзэр унагъуэхэм щыхъумэным, щIэблэм щапхъэ яIэу къэгъэтэджыным, унагъуэм исхэр мы Iуэхум хэткIэрэ, нэхъ зэкъуэт хъуным ехьэлIащ.

Зым и дежкIи щэхукъым унагъуэ куэдым анэдэлъхубзэр къызэрыщамыгъэсэбэпыжыр. КIуэдыр бзэм и закъуэкъым, абы докIуэщI лъэпкъ хабзэмрэ гъэсэныгъэ дахэмрэ. Унагъуэ щхьэхуэм и къалэным, абы быным хилъхьэм куэд зэрелъытам и щыхьэтщ мы зэпеуэм хэтахэр.

Анэдэлъхубзэм и мыхьэнэмрэ абы гъащIэм щигъэзащIэ къалэнымрэ ятеухуа упщIэхэми зэпеуэм и адрей Iыхьэхэми нэрылъагъуу къыщыхэжаныкIащ Хьэмдэхъухэ. Абыхэм жаIащ зи анэдэлъхубзэр зыщIэ сабийхэм хабзэр нэхъыфIу зэрызыхалъхьэр, щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэм игъуэтынымкIэ зэрыщхьэпэр. Бзэ зыбжанэм акъылыр фIыуэ зеригъэлажьэм, анэдэлъхубзэкIэ япэу псэлъэн щIэзыдза сабийм хамэбзэхэри тыншу зэрызригъэщIэфым гу зэрылъатар къыхагъэщащ абыхэм.

Хьэмдэхъухэ Къазбэчрэ Эммэрэ унагъуэу зэрытIысыжрэ илъэс 19 мэхъу. Ди зэманым къезэгъ лъэпкъ хабзэ дахэхэр щытепщэ адыгэ унагъуэ зэпэщым зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зы щIалэрэ хъыджэбзитIрэ щызэдапI (Албэч, Алинэ, Альбинэ).

Илъэс 17-м ит Албэч зэрыцIыкIурэ компьютеркIэ джэгун фIэфIт, нэхъ къыдэкIуэтея иужь, 3D моделированием дихьэхащ. ИужькIэ абы къыгурыIуащ программист IэщIагъэм хуеджэну зэрыхуейр. Мы гъэм курыт еджапIэр къэзыух щIалэщIэм и мурадым ерыщу хуокIуэ, къызэрехъулIэнуми шэч къытетхьэркъым.

Алинэ илъэс пщыкIуплI и ныбжьщ. Хъыджэбз набдзэгубдзаплъэм фIэгъэщIэгъуэну IэщIагъэ куэдым зыхуегъасэ. Цы Iэзэу зэIуещэ, хьэпIацIэ щыгъэ зэрехъэ, нэгъуэщI хьэпшып цIыкIуфэкIухэр ещI. Хъыджэбз нэхъыщIэ Альбинэ илъэсипщI мэхъури, и нэхъыжьхэм закъыкIэримыгъэхуну хэтщ, абы иджыблагъэ кIуэн щIидзащ «Налмэс» мультстудием. Езым зэхилъхьа теплъэгъуэхэр я лъабжьэу таурыхъ цIыкIухэр ещI. Пщащэр абы зэрыкIуэрэ куэд мыщIами, ехъулIэныгъэхэр иIэщ.

ЩIыналъэ зэпеуэм ахэр хэтыну езыгъэблэгъари тезыгъэгушхуари Бэшорэ Хьэмид и цIэр зэрихьэу я къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м и унафэщI Шал Марьянэрэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Мыхъцы Зитэрэщ. Зэпеуэншэуи адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ махуэ къэс щызэрахьэ, къуажэм щапхъэу щагъэлъагъуэ унагъуэ дахэм ублэIэбыкIынкIэ Iэмал иIэтэкъым.

Зэщхьэгъусэхэм жаIэ апхуэдэ жэуаплыныгъэ иным япэщIыкIэ зеригъэшынар, ауэ дзыхь къыхуащIар ягъэпэжын мурад яIэу, загъэхьэзыращ.

- Абы щыгъуэ дэ ди нэгу къытхущIэгъэхьэртэкъым республикэм щекIуэкIыну зэпеуэм дыхэтыну къытхуагъэфэщэну, - жеIэ Эммэ. - Зыщыдгъэхьэзырым куэд сэбэп къытхуэхъуащ. Анэдэлъхубзэр хъумэным, ар егъэфIэкIуэным хуэгъэпса Iыхьэмкlэ къыддэIэпыкъуа, къуажэ курыт еджапIэм и лэжьакIуэхэу Мыхъцы Зитэрэ Хьэбил Заирэрэ щхьэхуэу я цIэ къисIуэну сыхуейщ.

Лъэпкъ лъапIэныгъэхэр хъумэным, бзэм, хабзэм я мыхьэнэм нэ лейкIэ уезыгъэплъыж, а псори узэриIэмкIэ уи щхьэр лъагэу уэзыгъэлъагъуж мы зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ мыухыж яхуэфащэщ.

Сэ сызэреплъымкIэ, мы зэпеуэм хэтахэм я закъуэкъым Iуэхум къыхэша хъуар, атIэ абы кIэлъыплъа, зи хъыбар зэхэзыха дэтхэнэми и гум фIы гуэр къыщигъэушащ.

Унагъуэм я тхьэмадэ Къазбэч 2003 гъэм КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетыр къиухащ (промышленнэ, граждан ухуэныгъэхэмкIэ къудамэр). Алъандэрэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрихъуэкIащ, илъэсипщI и пэ гъукIэным зрипщытри, дихьэхащ. Абы хьэпшып телъыджэхэр и Iэпэм къыпокI. И псэм фIэфI IэщIагъэмрэ унагъуэр зэрипIын Iуэхумрэ зы зэрыхъуам щогуфIыкI.

Эммэ КъБКъУ-м и педагогикэ колледжыр 2004 гъэм къиухащ, Бэшорэ Хьэмид и цIэр зэрихьэу Къэрэгъэш къуажэ дэт курыт еджапIэ №1-м егъэбыдылIа сабий садым щолажьэ. Бзылъхугъэм жеIэ къызэрымыкIуэу цIыкIухэр фIыуэ зэрилъагъур, абыхэм яхэтыну зэрыфIэфI дыдэр, къабгъэдэкI къарум, IэфIагъым зэрызыщIашэр.

Хьэмдэхъухэ я унагъуэр «Зым Iэпыхур адрейм къещтэж», жыхуаIэм хуэдэщ. ЗэгурыIуэныгъэм и къежьапIэу абыхэм къалъытэр гурыфIыгъуи гукъеуи здэбгуэшу, цIыкIуми инми къатехуэ хабзэ Iыхьэр ящIэжрэ, нэхъыжьхэр щапхъэ хьэзыру зэрыщытыпхъэрщ.

Шэч хэмылъу, ахэр щогуфIыкIыж мы зэпеуэм хэтыну зэрытегушхуамкIэ, гугъу зрагъэхьу зэрызагъэхьэзырамкIэ. Унагъуэм зэгъусэу зэбгъэхъулIэ Iуэхугъуэхэрщ узэкъуэзыгъэувэр, уи къуэпсхэр нэхъ быдэ зыщIыр. Уегупсысмэ, насып инщ апхуэдэу укъалъытэныр.

Адыгэ фащэкIэ хуэпауэ утыкум къихьэу лъэпкъ хабзэр зыгъэлъагъуа унагъуэ дахэм хуэдэхэрщ лъэпкъым и нобэр, пщэдейрей щыIэкIэр зыхуэдэнур. ЕфIэкIуэну, заузэщIыну ди гуапэщ.

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ**.

# Лъэхъэнэжьым и фэеплъ къалэхэр

Тхыдэ

**ЦIыхур къызэригъэщIрэ щIыуэпсыр къегъэсэбэп бгъуэнщIагъхэм, бгыщхьэхэм, жыг щхьэкIэхэм, къумым, псыщхьэм псэуалъэхэр щаухуэу. ЩIыуэпсми, зэрылъэкIкIэ, зэрызихъумэжыным яужь итщ, цIыхум иригъэлей зэрымыхъунур игу къигъэкIыж хуэдэурэ зыкърегъащIэ. Къапщтэмэ, IуэрыIуатэм нобэ къихьэсащ мызэ-мытIэу псыдзэм илъэса, къэбэкъауэм (вулканым)ірижьыкIа, щIыхъейм ихьа пасэрей къэралыгъуэ телъыджэхэм я хъыбар.**

**Апхуэдэщ мы тхыгъэмкIэ фэдгъэцIыхуну дызыхуей, пасэрей адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ щызэхэзекIуэу щыта къалэжьхэу Киммерик, Акрэ, ДиоскIурей жыхуиIэхэр**.

## Киммерик

МЫР алыдж къалэ-къэралу щытащ. Ди лъэхъэнэм ипэкIэ псэуа философхэмрэ тхакIуэхэмрэ зэхуэдэу щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, Киммерикыр Мэуэтейрщ здэщыIар, Керч хы тIуащIэм деж къыщыщIэдзауэ, МыутI гуэлым (Iузэв) и Iуфэм зыщиукъуэдияуэ кIэрысу. ЩIэныгъэлIхэмрэ археологхэмрэ къыщIатIыкIыжыну я мураду лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ лъыхъуащ къалэжьым, ауэ ягъуэтакъым. Абы къыдэкIуэу гу лъытапхъэщ ди лъэхъэнэм ипэкIэ 600 гъэхэм, алыджхэр хы ФIыцIэмрэ МыутI гуэлымрэ я Iуфэр щаубыдам, Киммерикыр боспор пщыжьхэм яухуауэ IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжым.

Пэжу, пасэрей Къырымри, Темэнри, Къафэри нобэ зэрытцIыхум хуэдэу щытакъым. Сыту жыпIэмэ, Керч хы тIуащIэм шууэ удэкIыфу хы ФIыцIэр метри 4 - 5-кIэ (нэхъ мащIэ дыдэу) нэхъ чэнжу щытащ. Абы щыхьэт тохъуэ Кавказ Ищхъэрэм къыщыщIэдзауэ Къырымым нэс километр 18-кIэ кIуэцIрыкI пшахъуэ лъагъуэр. Аращи, псы Iуфэмрэ тIуащIэмрэ я теплъэм илъэс къэс зэрызихъуэжыр къэплъытэмэ, Киммерикыр здэщытар къэпхутэнуи ар къэптIэщIыжынуи гугъущ. Ауэ пасэрей философхэм зэратхыжамкIэ, ар тIуащIэм укъызэрикIыу, Темэн и гъунапкъэ дыдэм деж щытащ, мывэ къалэкIэ къещIэкIауэ, хьэкхъуафэ дэтIыкIарэ Iуащхьэ IэрыщIхэмкIэ псым щыхъумауэ. Аращи, тIуащIэм и щIыпIэ нэхъ Iузэ дыдэм а къалэм ущылъыхъуэну щхьэпэт.

Пэжу, 18-нэ лIэщIыгъуэ пщIондэ тхыдэтххэм я гугъащ Киммерикыр къуэкIыпIэмкIэ, кавказ Iуфэм Iусауэ. Сыту жыпIэмэ, МыутI гуэлым Iуса лъэпкъыжьхэм тIуащIэм къыхэпIиикI мывэшхуэхэр къыхахыурэ псэуалъэхэр яухуэу къэгъуэгурыкIуащ. Псым къыхахыу щыта а мывэхэр пасэрей къалэжьым и къутахуэу хуагъэфащэу арат археологхэм. Ауэ, иужьыIуэкIэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, тIуащIэм дэкI пшахъуэ лъагъуэм нэхъыбэжу къыщыбогъуэтыж къалэжьхэм я лъэужь, уеблэмэ мрамор щIэгъэкъуэн нэгъунэ къыхопIиикI. Киммерикым ущылъыхъуэн хуейри абдежщ.

## Акрэ



КЪРЫМЫМ нэхъ и гъунэгъуу щыта мы къалэм щхьэкIэ «лъэхъэнэжьым и щэху» жаIэ. Абы тетхыхьащ Страбон, Плиний Нэхъыжьыр, нэгъуэщIхэри. Акрэ здэщытауэ зыхуагъэфащэ щIыпIэ дыдэм деж щыIауэ жаIэ нэгъуэщI пасэрей къалэхэри: Пантикапей, Фанагорие, Китей, Корокондамэ. Ахэр псори лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм щыIащ, языхэзыр къагъуэтыну щыгугъыуи, куэдрэ къалъыхъуащ. Къагъуэтыжар зы закъуэщ - Акрэр.

18-нэ лIэщIыгъуэм и кIэхэм псэуа академик Паллас П. С. хы ФIыцIэмрэ Керч тIуащIэмрэ я зэпылъыпIэм деж пасэрей къалэ гуэр щытауэ хуигъэфащэу картэм дамыгъэ тригъэуват. Ар Къырымым и ипщэ-къуэкIыпIэ гъунапкъэрт. ИужьыIуэкIэ, 19-нэ лIэщIыгъуэм и пэхэм, Дюбрюкс Поль а щIыпIэ дыдэм деж къыщигъуэтащ пасэрей къалэжь гуэрым и къутахуэхэр. Дюбрюкс и къэхутэныгъэр алъандэрэ псори зылъыхъуа Акрэр арауэ игъэIури, илъэси 100-м щIигъукIэ къекIуэкIащ а хъыбарыр. Ауэ 1918 гъэм а къалэжьым и лъабжьэм щIэлъу бдзэжьеящэхэм къагъуэтащ мывэ чырбышышхуэ. Абы тедза тхыгъэр щыхьэт техъуащ а къалэр зэрымы-Акрэм. Ар Китей къалэрат...

Страбон итхам тепщIыхьмэ, Акрэр псы лъабжьэм щIэлъщ, «Мэуэтейм и мылхэм гъэр ящIауэ». Ар тегъэщIапIэ пщIырэ, Китейр зытет щIыпIэр зэи зэрымыщтыр къэплъытэмэ, Акрэм ущылъыхъуэн хуейр Керч тIуащIэрщ. Сыту жыпIэмэ, ар екIуэкIыу мэщт щIымахуэм. Пэжу, Плиний етх: «Феодосие и къуэкIыпIэмкIэ къыщылъщ Китей, Зефирий, Акрэ, Нимфей...». Ауэ щыхъукIэ, Акрэр Зефирийрэ Нимфейрэ я зэхуакум дэлъащ. А псори зэпашэчу, иджыри зэ ириплъэжа нэужь, щIэныгъэлIхэм жаIащ Акрэр Яныш гуэлым Iус нобэрей Набережнэ къуажэм и лъабжьэм зэрыщIэлъыр. Курыт еджапIэм щIэс Куликов Алексей 1981-1982 гъэхэм а къуажэм и Iэхэлъахэм пасэрей жьгъей Iэбжьыб къыщигъуэтауэ щытащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, ахэр Боспор къэралыгъуэм ди лъэхъэнэм ипэкIэ 375 - 321 гъэхэм щызекIуэу щыта ахъшэт. ЩIалэ цIыкIум щIэныгъэлIхэм яригъэлъэгъуащ ар къыщигъуэта щIыпIэр, икIи 1982 гъэм археологхэм Яныш гуэлым и лъабжьэм щIэлъу къагъуэтыжащ пасэрей Акрэ къалэшхуэр.

ЩIэныгъэм къызэрихутамкIэ, Акрэр хуэм-хуэмурэ псым щIилъэфащ. Абы щыпсэуахэр лIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ пэщIэтащ псым, Iуащхьэхэр иращIэкIыу, къагъэувыIэн я гугъэу. Щыпэмылъэщым, а щIыпIэм иIэпхъукIащ.

## Къэлъхъейм и вагъуэ

ЩIЭНЫГЪЭР зэрыщыгъуазэмкIэ, Понт Iуфэм Одессэу тIу щыIащ. Языр псы лъабжьэм щIэлъщ. Акрэуи тIу щыIащ: къалэшхуэрэ псым пикIуэтурэ тIысыжауэ щыта къуажэ цIыкIурэ. Боспоруи тIу щыIащ: Босфоррэ Кимерий Боспорымрэ. КъызэрыщIэкIымкIи, Севастополри тIу мэхъу: УФ-м и флотыр здэщыIэмрэ Сыхъумрэ... НэгъуэщIу жыпIэмэ, ДиоскIурейрэ. Аращ пасэрей зэманым Сыхъум зэреджэу щытар.

Троян зауэм (ди лъэхъэнэм ипэкIэ 1218 гъэм щIидзам) ипэкIэ Хьэт къэралыгъуэм къикIри, ДиоскIур зэкъуэшитI (Касторрэ Полидевкрэ) хы ФIыцIэм и Iуфэм къалэ щаухуащ, IуэрыIуатэм зэрыжиIэмкIэ. Къалэм зэкъуэшитIым я лIакъуэцIэр фIащыжащ - ДиоскIурей. Ар нобэрей Сыхъумращ зыхуэзэр. Археологхэм зэрыжаIэмкIэ, псы Iуфэм щIыхъей шынагъуэ къыщыхъущ, абы псыдзэ къыкIэлъыкIуэжри, къалэр илъэсащ, ар зытета щIыр гуэщэтри, псы лъабжьэм щIилъэфэжащ. ЗэрыжаIэмкIэ, нобэр къыздэсым псым къыхопIиикI пасэрей ДиоскIурейм и мывэ блынхэмрэ чэщанэхэмрэ. Нобэр къыздэсым Сыхъум и псы Iуфэм Iутщ быдапIэм и къуэкIыпIэ блынхэр.

**ФЫРЭ Анфисэ**.



# Анэдэлъхубзэм и къарур

*Адыгэ усакIуэ, драматург, тхакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я литературэм зегъэужьынымкIэ программэм щыубзыхуа Iуэхухэм щигъэгъуазэу иджыблагъэ щыIащ Кубэмрэ Индиемрэ. Абы и литературэ зекIуэхэм гупсысэ гъэщIэгъуэн куэди мурадыщIэхэри кърикIуащ. Ди къэралым ис лъэпкъхэм я литературэр зэригъэлъэгъуам нэмыщI, усакIуэр езым и IэдакъэщIэкIхэм къеджащ адыгэбзэкIэ. Заринэ зэпича гъуэгуанэхэр Iуэхугъуэ дахэхэмкIэ гъэнщIат. Хэкум къекIуэлIэжа нэужь, дэ абы зыхуэдгъэзащ илъэгъуам тедгъэпсэлъыхьыну:*

- Iуэхур къызэрырахьэжьэрэ мы гъэм илъэситху ирокъу. Ар ди Президентым ядиIыгъ Iуэхущ, къызэрызэрагъэпэщри къэрал мылъкущ. Проектым тету Москва дунейм къыщытехьащ Урысейм ис лъэпкъхэм я литературэхэм я антологиехэр. НобэкIэ къыдагъэкIыну хунэсащ томих: усыгъэ, сабий литературэ, прозэ, драматургие, публицистикэ, лъэпкъ Iущыгъэхэр. Къэралым и щIыналъэ къэс къыбгъэдэкIыу Iуэхум хэтщ цIыху зыбжанэ. Антологиехэм ягъакIуэ художественнэ тхыгъэхэр къыщыхахащ тхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэу щIыналъэхэм щыIэхэм. ПрограммэмкIэ нэсу къызэгъэпэща хъуащ а тхыгъэхэр зэдзэкIынри. Зи IэдакъэщIэкI художественнэу зэмыдзэкIахэм къыдагъэлэжьащ езыхэм я зэдзэкIакIуэ.

Сэ си насыпым къихьащ тхылъ томихым ящыщу щым си тхыгъэхэр ихуэну: усыгъэм, драматургием, сабий литературэм.

Антологием и япэ томыр къыдэкIа нэужь, зэхыхьэхэм срагъэблэгъэн щIадзащ. Тхылъхэм я къыдэкIыгъуэ къэс иращIэкI зэIущIэхэр, пшыхьхэр. Дауи, тхылъхэм зи IэдакъэщIэкI итхэри ирагъэблагъэ. Сэри си гуапэу а Iуэхухэм сыхэтщ.

«Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я литературэм зегъэужьынымкIэ программэм» нэмыщI къэунэхуащ нэгъуэщI зыи. Урысейм ис тхакIуэхэмрэ тхылъ тедзапIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм (АСПИР) къызэригъэпэща «МестоимениЯ» проектым хиубыдэу къыдагъэкI къэралым и щIыналъэхэм щыщ тхакIуэхэм я тхылъ щхьэхуэхэр. Абы тхылъи 8 дунейм къытригъэхьэну хузэфIэкIащ. «Сказки сердца» зи фIэщыгъэ си тхылъым итщ усыгъэрэ драматургиерэ. Балъкъэр тхакIуэ Мусукаевэ Сакинат ейуэ проектым къыдигъэкIащ «Когда летаешь, нельзя бояться» тхылъыр. Ди тхылъхэр бзитIкIэ - анэдэлъхубзэрэ урысыбзэкIэ - зэхэгъэуващ.

ТхылъыщIэр, тхылъ гъэщIэгъуэныр - щэнхабзэм и мыхьэнэм зэрыхэхъуэм и нэщэнэщ.

### Кубэм

- Урысейм икIыу Кубэм щекIуэкIа тхылъ жармыкIэм кIуа гупым яхэтащ тхакIуэхэу, журналистхэу Лиханов Дмитрий, Матвеевэ Аннэ, усакIуэ, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм яз Терехин Вадим, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу - сэ.

Гаванэ дунейпсо тхылъ жармыкIэр илъэс 31-рэ хъуауэ щокIуэкI. Ар къыщызэрагъэпэщащ екIуу къэгъэщIэрэщIэжа пасэрей быдапIэжьым. Абы укъеплъыхмэ, къалэм хуиту ухоплъэ. Урысейр зи гугъу тщIы Iуэхум илъэс къэси хэтщ. Ди тхылъхэр щыдгъэлъэгъуэн стенд щхьэхуи тхухахат. Сэ гъуэгу сыщытеувэм къалэну сиIащ Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я литературэм зегъэужьынымкIэ программэм хиубыдэу къыдагъэкIа тхылъхэр згъэлъэгъуэну, си IэдакъэщIэкIхэр щIэджыкIакIуэхэм езгъэцIыхуну, сыкъеджэну. Iуэхур къыщызэIуахым ящIа пшыхьым сыкъыщыпсэлъащ, щхьэхуэуи си тхыгъэхэр утыку къыщисхьа зэIущIи сыхэтащ. Си IэдакъэщIэкIхэм сыщытепсэлъыхьа зэIущIэр щекIуэкIащ Кубэм и тхакIуэ цIэрыIуэ Лойнес Марие къэралым къыхуигъэнауэ щыта и унэм, щэнхабзэ центр ящIыжам.

### Индием

- Индием, Нью-Дели, щыIа тхылъ жармыкIэм Урысейм и лъэпкъ стендыр къыщызэIуахым, сэ нэмыщI, хэтащ зэдзэкIынымкIэ институтым и унафэщI Резниченкэ Евгение, Урысейм и посольствэу Индием щыIэм и япэ секретарь Аряевэ Юлие, посольствэм и консультант Анцеферов Михаил сымэ. Абдеж щыдгъэлъэгъуащ къэралым ис лъэпкъхэм я усыгъэр, прозэр, драматургиер, сабий литературэр. Урысейм ис лъэпкъхэм я бзэкIэ тхауэ абы тхылъ 500 хуэдиз щыдгъэлъэгъуащ.

Тхыгъэ зэдзэкIынхэм елэжь «Сахитие» академием сыщытепсэлъыхьащ Урысейм ис лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ гъэпса тхыгъэхэм я къулеягъэм, анэдэлъхубзэкIи си усэхэм сыкъыщеджащ.

Нью-Дели щыIа тхылъ жармыкIэм къеблэгъащ Урысей Федерацэм хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергей. Ар хэтащ Толстой Леврэ Ганди Махатмэрэ я гупсысэхэр зэрызэпэджэжым теухуауэ къызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэным. Лавров къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Урысейми Индиеми я щэнхабзэхэм зэрызаужьым и гуапэу зэрыкIэлъыплъыр.

Нью-Дели гъэ къэс щекIуэкI тхылъ жармыкIэр мы гъэм илъэс 50 ирикъуащ. Индием щыпсэухэр илъэс псом поплъэ а дунейпсо тхылъ жармыкIэм. Абыхэм ящIэ жармыкIэм тхылъ гъэщIэгъуэнхэр зыкъомкIэ нэхъ пуду зэрыщащэр. Къэралыбзэ 24-рэ щызокIуэ Индием. Тхылъ еджэну яфIэфIщ къэралым и цIыхухэм. Дэ даIущIащ урысыбзэр зыдж филологхэм, литераторхэм, зэдзэкIакIуэхэм, аспирантхэм, студентхэм. ЩIэныгъэ куу зэзыгъэгъуэта зэдзэкIакIуэхэр урыс литературэм и классикхэм я тхыгъэхэм, иджырей урыс литературэм и тхыгъэ щIэщыгъуэхэм йолэжь.

### Мыхьэнэшхуэ иIэщ

- Урысейм ис лъэпкъхэу нобэ литературэ къэзыгъэщIхэм къабгъэдэкIыу сэ - адыгэ тхакIуэ, усакIуэр - апхуэдэ утыку сызэрырагъэхьам мыхьэнэшхуэ хызолъагъуэ. ДымащIэщ, дунейми дытепхъащ. Адыгэбзэр хъума нэхъ щыхъунур Хэкуращ. Сэ Хэкум сикIыу Iуэхум сызэрыхэтар куэд и уасэщ. Ди къэралыгъуэм нобэ гулъытэ хуещI бзэхэр хъума хъуным. Апхуэдэ IуэхукIэ утыку ихьа тхакIуэм и лъэпкъым щыщ щIалэгъуалэр дэплъеину къысщохъу. Сэ куэдрэ къызоупщI: «Уи бзэкIэ утхэным сыт и мыхьэнэр?» жаIэу. Абы гугъуехь куэд пылъщ, ауэ уи фIэщу зи ужь уихьэ лэжьыгъэр къохъулIэнущ. Си бзэрщ гугъу зыщIезгъэхьыр. Литературэм нобэ ухэтыныр гугъу дыдэщ. Си щхьэкIэ, си тхыгъэхэр апхуэдэ утыкушхуэхэм зэрисхьар, сысейхэм нэмыщI, ди къэралым ис лъэпкъхэм я тхыгъэ къыхэщыпыкIахэр дыздэщыIахэм щызгъэлъэгъуэну, сащытепсэлъыхьыну пщэрылъ къызэрысщащIар литературэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхуу къызолъытэ. Тхыгъэхэм нэмыщI, хуит сыкъащIри, ди «Сыринэ» адыгэ щIалэгъуалэ театрым и гугъу яхуэсщIащ. Индием щыпсэу цIыхухэм ди театрыр яфIэгъэщIэгъуэн хъуащ. Сыхуейт абы республикэм гъуэгу щигъуэтыну, хуиту утыкухэм къихьэну Iэмал иIэну. Сыту жыпIэмэ, «Сыринэр» щIалэгъуалэм анэдэлъхубзэ яIурылъыин папщIэ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и зы Iэмалу аращ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Дохутыр щIалэм и мурадыфIхэр

**Москва дэт «Сколково» щIэныгъэ IуэхущIапIэм егъэбыдылIа «Моторика» компанием щолажьэ Жылэхьэж Аслъэнбэч. Травматолог-ортопед, инженер-протезист унэтIыныгъэм зезыта дохутыр щIалэм щытхъу иIэщ. Абы и Iэзагъым щыхьэт техъуэр ар щылажьэ IуэхущIапIэм и пщIэ лъагэм и закъуэкъым, ар сэбэп зыхуэхъуахэм я фIыщIэ мыухыжыр сыт и уасэ?!**



IЭ, ЛЪАКЪУЭ зыпымытыжхэм иджырей киберпротез телъыджэхэр яхуещI Жылэхьэжым. А протезхэр зэрыфIым и щыхьэтщ ар зыхуащIхэм тыншу къызэрагъэсэбэпыфыр, бжэмышх цIыкIу хуэдэ хьэпшыпхэр абыхэмкIэ къазэрыхуэщтэр, къызэрагъэсэбэпыфыр.

ЛъэпкъкIэ Джылахъстэнейм щыщ дохутыр щIалэр иджыри курыт еджапIэм щIэсу медицинэм дихьэхат. Тэрч къалэ дэт курыт еджапIэ №2-р ехъулIэныгъэкIэ къэзыуха щIалэр Ставрополь дэт медицинэ институтым и лечебнэ къудамэм щIэтIысхьащ.

Япэ курсым щеджэу хирургиемкIэ практикэ кIуауэ, операцэр езыгъэкIуэкI хирургым мо щIалэ набдзэгубдзаплъэм гу къылъитэри, езым и дэIэпыкъуэгъуу лэжьэну къыхуигъэлъэгъуащ. ЕджапIэм къыщыдэхуэ зэманым ар дапщэщи операцэ щащI пэшым щIэтт, абы къызэрымыкIуэу фIэгъэщIэгъуэнт абдеж къыщыхъу псори.

ЕджапIэ нэужьым щIалэр бэзэрым кIуэрт былымхэм я кIуэцIфэцIхэр къищэхурти, я еджапIэм и пэш хэхам операцэ щищIырт. Апхуэдэурэ зригъэсащ.

ЩIалэр хирургием хуиIэ лъагъуныгъэм и щыхьэту университетым а унэтIыныгъэмкIэ къыщызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэхэм хэт зэпытт. Къапщтэмэ, хирургием хуеджэ студентхэм я XXVI урысейпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм зэрыхэтам и щыхьэт тхылъ иIэщ. Абы и Iыхьэу Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIам «Сосудистая хирургия» унэтIыныгъэмкIэ япэ увыпIэр къыщихьащ Аслъэнбэч, а зэпеуэ дыдэм «Трансплантация почки» унэтIыныгъэмкIэ япэ щыхъуащ. ХирургиемкIэ XXV урысейпсо зэхьэзэхуэм и Iыхьэу я еджапIэм щрагъэкIуэкIам япэ увыпIэр къыщыхуагъэфэщащ, нэгъуэщI ехъулIэныгъэ куэди иIэщ ди лъэпкъэгъу щIалэм.

2015 гъэм абы лэжьэн щыщIидзащ Ставрополь дэт дэIэпыкъуэгъу псынщIэм и IуэхущIапIэхэм язым. ЕджапIэмрэ лэжьапIэмрэ здэзыхь щIалэм ординатурэм къыщыхихыну унэтIыныгъэр а зэманым триухуащ.

2017 гъэм ар тегушхуэри щIэтIысхьащ Склифосовскэм и цIэр зэрихьэу Москва къалэм дэт институтым и ординатурэм «Травматология и ортопедия» унэтIыныгъэмкIэ. ЩIэныгъэм хуэпабгъэ щIалэщIэр егугъуу йоджэ, зэпеуэ куэдым хохьэри пашэ щохъу.

2019 гъэм ординатурэр къиуха иужь, Аслъэнбэч ирагъэблагъэ «Клиникэ сымаджэщ» Федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм (Москва), 2022 гъэ хъуху Жылэхьэжыр абы щолажьэ.

ЗэфIэкI зиIэ щIалэм гу къылъатэри, Сколковэ дэт «Моторика» инновацэ IуэхущIапIэм гъэ кIуам ирагъэблэгъащ. А IуэхущIапIэм микропроцесскIэ лажьэ иджырей биопротез телъыджэхэр щащI. Нэхъ ипэкIэ щыIа протезхэр Iэм, лъакъуэм я щIыкIэ яIэрэ къэмысэбэпу щытамэ, иджырейхэр телефоным пыщIауэ, куэд дыдэ ирипщIэ мэхъу.

Аслъэнбэч ди къэралми нэгъуэщI щIыналъэхэми кIуэурэ езыхэм ящI протезхэм хуэдэ ящIыфу ирегъасэ. Абы и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ езыр къыщалъхуа щIыналъэм протез хуэныкъуэу исхэм папщIэ реабилитацэ IуэхущIапIэ къыщызэIуихыну.

Мурад дахэ зиIэ ди лъэпкъэгъу щIалэр ехъулIэныгъэ щымыщIэну, и гурылъхэр къехъулIэну ди гуапэщ.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**

Футбол



## Фыдогъэблагъэ!

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.*

***Япэ гуп. ТIощIрэ езанэ джэгугъуэ***

**«Спартак-Налшык» - «Динамо» (Ставрополь)**

***Налшык. «Спартак» стадион.***

***Гъатхэпэм и 25.***

***Сыхьэт 14-рэ дакъикъэ 30-м.***




# Чэфэрэ

● Хабзэм щыщ

ЦІЫХУМ Тхьэ зэригъэпцІауэ щытар Тхьэм къыхуигъэгъун щхьэкІэ, Іэмалу щыІэр мырат: а Тхьэр зыгъэпцІам езым и мылъкукІэ факъырипщІ джанэ яхуищІын е факъырэ плІыщІ зэ шхэгъуэ игъэшхэн хуейт. Ар игъэзащІэмэ, и щхьэр къищэхужауэ, муслъымэн хъужауэ арат.

Абы зэреджэр «чэфэрэт». Арат Тхьэм къызэрихуигъэгъуну Іэмалу щыІэр. Ар нэгъуэщІу жыпІэмэ, тхьэгъэпцІыпщІэщ. «Чэфэрэ» итащ» жиІэмэ, «гуэныхь ищІам щхьэкІэ и щхьэр къищэхужащ, зигъэкъэбзэжащ», жиІэу арат.

Тхьэр имыгъэпцІауэ, ауэ нэгъуэщІ зы гуэныхь гуэр къилэжьауэ ар къыхуэгъун щхьэкІэ, зы псапэ гуэрхэр къилэжьами, абыи зэреджэр «чэфэрэт». ЗэрыхъумкІэ, гуэныхьу къилэжьам хуэдиз псапэу къилэжьыжмэ, а тІур зэпэкІуэжти, цІыхур хейуэ къэнэжырт.

● ГъэщІэгъуэнщ

# ЗекІуэлІхэм я бзэ

ЗЕКІУЭЛІХЭМ бзэ щэху яІэт, тхыгъэхэм, хъыбархэм апхуэдэ бзищ къыхощ: «щакІуэбзэ», «фаршыбзэ», «зиковшир». Языныкъуэ щІэныгъэлІхэм, псалъэм папщІэ, Думэн Хьэсэн къызэрилъытэмкІэ, щакІуэбзэр къагъэсэбэпу щытащ щакІуэхэми, зекІуэлІхэми. Бгъэжьнокъуэ Барэсбий зэрыхуигъэфащэмкІэ, «зекІуэлІхэр пасэрей щакІуэбзэм ирипсалъэрт, абы халъхьэжІауэрэ езыхэм къазэрыхуэсэбэпын ящІауэ. ИтІанэ, зекІуэлІхэм ялэжь псоми къыдэкІуэу, щакІуэхэрт. ГъэщІэгъуэнращ, мэкъумэшыщІэхэр зекІуэм «щакІуэкІэ» фІэкІа еджэу хуадэртэкъым. ЗекІуэм зэуэн, дыгъуэн Іуэхур зэрыпыщІар наІуэти».

Къэгъэлъэгъуапхъэщ, щакІуэбзэр къагурыІуэми, ирипсэлъэну мэкъумэшыщІэхэр хуит зэрамыщІыр. Гъатхэмрэ бжьыхьэмрэ шу пщыІэ къыщызэрагъэпэщ зэманыр адыгэ щІалэгъуалэр гъэсэным теухуауэ уасэ зимыІэт. Зауэм, Іэщэ къэгъэсэбэпыным и закъуэкъым ахэр зыхуагъэхьэзырыр, зыхурагъасэр, атІэ нэхъыжьхэм я зэфІэкІыр къэзыщтэ щІалэщІэхэр гугъуехьым есэрт, бэшэч, хахуагъэ яхэлъ хъурт, щІыпІэр фІыуэ къацІыхурт.

Ефэ-ешхэ зэхаубламэ, щІэблэр уэрэдыжьхэм, хъыбарыжьхэм щІэдэІурт, лъэпкъ хабзэхэм щыгъуазэ зыхуащІырт, жьакІуэ хъуным зыхуагъасэрт. Шу пщыІэ къыщІызэрагъэпэщым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу жыпІэ хъунут щІым телэжьыхь пщылІхэр зэрыхъумэн хуейр. ЗекІуэм и зэманым кърикубыдэу пщымрэ я гъусэхэмрэ нэгъуэщІ жылэхэм зэрытеуэм и мызакъуэу, езым и цІыху, Іэщ, шыхэр ирамыгъэдыгъун папщІэ захъумэжырт. Шу пщыІэм зекІуэлІхэр текІырт, къадыгъуар, къаззуар кърахьэлІэрт. Арат абы гъунэгъу зыхуэпщІынуи, щекІуэкІым и хъыбар ущІэупщІэнуи щІамыдэр.

# Къэб гъэва зыхэлъ тхъурыжь

● Шхыныгъуэхэр



Ар дахэ, ІэфІ мэхъу, витамин А-кІэ къулейщ, шхыгъуафІэщ. ДжэдыкІэ цІынэм фошыгъу щабэ, содэ халъхьэ, фІыуэ яудэри абы къэб пІастэ, тхъуцІынэ гъэткІуа халъхьэ, зэІащІэ, гуэдз хьэжыгъэм и кум иракІэри быдэ хъуху япщ. Содэр куэдыІуэмэ, тхъурыжьыр къочэри абы хуэсакъыпхъэщ. Іэнэм хьэжыгъэ трагъэщащэри, тхьэвыр щамыгъэлъу хупхъэкІэ яху мм 1 - 1,5 -рэ и Іувагъыу, хуэплІимэ щІыкІэу. И бгъуагъыр см 3 - 4, и кІыхьагъыр см 120-рэ хъууэ зэпаупщІ, бэлагъым кърашэкІри и кІапитІыр зэтрагъапщІэ, градуси 160 - 180-рэ хъууэ къэплъа тхъум е дагъэм халъхьэри бэлагъыр ягъазэурэ тхъуэплъ, гъуэжьыфэ хъуху ягъажьэ.

Тепщэчым иралъхьэри, Іэнэм трагъэувэ. ЩІыІэуи хуабэуи яшх.

***Халъхьэхэр:***

гуэдз хьэжыгъэу - г 400,

джэдыкІэу - 3,

фошыгъуу - г 50,

содэу - 1 г,

къэб пІастэу - г 100,

тхъуцІынэу - г 30,

шыгъуу, зэрагъэжьэн тхъуурэ - узыхуейм хуэдиз.



# ТебэкІэ гъэжьа бжэныл гъэгъупцІа

Бжэныл гъэгъупцІар яупщІатэ е джыдэкІэ зэпауд хьэлъагъыр г 80 - 100 хъууэ, псы хуабэкІэ ятхьэщІри, тебэм иралъхьэ, псы щІыІэ щІакІэри тебащхьэр тепІауэ пэшхьэкум трагъэувэ. МафІэ щабэм тету, тхъурымбэр къытрахыурэ ягъавэ, псыр щІэвэщІэху икІи дагъэр къыщІидзыху. ИтІанэ зэІащІэурэ тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ а дагъэ къыщІидзамкІэ, мафІэр ирашэхри, бжьыныщхьэ укъэбза упщІэтар халъхьэ. Псори зэІащІэурэ дакъикъи 3 - 4 хуэдизкІэ ягъажьэ, шыбжий сыр хьэжа траудэри зэІащІэурэ зы дакъикъэ-дакъикъитІкІэ ягъажьэ. Іэнэм тепщэчкІэ трагъэувэ, щыжьэм къыщІэжа дагъэри тракІэж. Пщтыру, пІастэ хуабэ и гъусэу яшх, шэ хуабэ трафыхьыж.

***Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):***

бжэныл гъэгъупцІауэ - г 300,

псы щІыІэу - г 100,

бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50,

шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Псалъэ пэжхэр

# Хэкур псэкІэ зэрахьэ

**✦Хэкум игъэгушхуэр хахуэ мэхъу.**

**✦Хэкум и щІыб насып щыІэкъым.**

**✦Хэкум и щІыгу ІэмыщІэр нэхъ лъапІэщ, хамэщІ и дыщэбг нэхърэ.**

**✦Хэкум хамэ къефыгъуэмэ, гъунэгъуейр къуентхъым зэдоблэ.**

**✦Хэкуншэр насыпыншэщ.**

**✦Хэкур лъэщмэ, урогушхуэ.**

**✦Хэкуншэ цІыхум зыщыдзей.**

**✦Хэкур дыщэ гущэщ.**

**✦Хэкумрэ уи анэмрэ гурыщхъуэ яхуумыщІ.**

**✦Хэкур жэнэтщи, хамэщІыр жыхьэнмэщ.**

**✦Хэкур лъэпкъым и псэщи, лъэпкъыр псэм и псынэщ.**

**✦Хэкур лъэпкъыншэу, лъэпкъыр хэкуншэу къэнэным нэхъ Іей щыІэкъым.**

**✦Хэкур псэкІэ зэрахьэ.**

● Чэнджэщхэр

# Бжьыныхур сэбэпщ

Дзэр быдэ хъун щхьэкІэ гуэдзым къыхэщІыкІа кІытэ я жьэм жьэдалъхьэри ягъэныщкІуурэ жьэдагъэлъ, яхуэшэчыху, итІанэ къыжьэдадзыж. Апхуэдэурэ илъэсым къриубыдэу тхуэ - хэ ящІ.

* * *

Тэрчдэсхэм тэмакъ узыр, бгъэч узыр зэрагъэхъужу щытар: абы щхьэкІэ гуэдз хуэнщІейр псы хуабэкІэ зэхащІэрт, цІыху сымаджэм и пщэм тралъхьэрт, япхэжырти нэху кърагъэкІырт. Апхуэдэурэ тІэу - щэ ящІмэ, узыр хъужырт.

* * *

Лъы зи мащІэ цІыхум нэхъ ишхырейуэ щытын хуейщ бжьыныху шыпсыр. Абы лъыр егъэкъабзэ, фІыуэ зэрегъакІуэ.

* * *

Джэджьей, гуэгуш шыр цІыкІухэм бжьыныху, бжьын цІынэхэм я тхьэмпэр цІыкІуцІыкІуурэ зэпагъэлъэлъри хуэнщІейм хэпщауэ гъатхэм ирагъэшх. Абы витамин куэд хэлъщи, а шыр цІыкІухэр мысымаджэу, нэхъ къару яІэу къохъу икІи шхэрей мэхъу.

* * *

Матэкхъуейр жэмыр лъхуэуэ махуищ дэкІа иужькІэ къаша шэращ къызыхащІыкІыу щытар. Мыпхуэдэуи хахырт: лъатэпсыр шатэпскІэ зэІахырт, ар шэм хакІэжырти, абыкІэ матэкхъуей хахырт.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Къуэш ... нэхърэ ныбжьэгъуфІ. **2**. БгитІ зэхуаку. **4**. Пшахъуэщ І. **8**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **9**. ЩІалэ къамылыфэ. **11**. ... пэт, зэрыхьэм зыгуэр кърен э. **12**. Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхубэ усакІуэ. **17**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, КъурІэныр адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІа. **18**. Лэдэх зыбжанэ иІэу тхьэмпэшхуэ зыпыт, шыкІэпшынэ къызыхащІыкІ жыг. **20**. Адыгэ пасэрей хъыбарегъащІэ. **21**. Куэдрэ щыта махъсымэм и кІэкъинэ. **22**. Диным зэрыжиІэмкІэ, жэнэтым зэпымыууэ ис пщащэ.

***Къехыу:*** **1**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ цІыхур щыту малІэ. **3**. Зил къыпщІэмыузым уи ... хуумыІуатэ. **5**. Губгъуэ къэкІыгъэхэм Іисраф хэзылъхьэ хьэпІацІэ ныбаблэ къэзылъэтыхь. **6**. ... лъакъуэ щІэткъым. **7**. Адыгэ композитор цІэрыІуэ, Урысей Федерацэм и къэрал саугъэтыр зрата. **10**. Къэрэшей-Шэрджэсым и щІыналъэм щежэх псы. **13**. ЩоджэнцІыкІу Алий и усэхэм щигъэфІа, гъатхэм пасэу щІым къыхэж удз шакъафэ-къащхъуафэ цІыкІу. **14**. Іэпхъуамбищым я бгъуагъым хуэдиз хъу пщалъэ. **15**. ГуфІэгъуэ Іэнэм щыс нэхъыжьым хутралъхьэ хабзэ лы Іыхьэ. **16**. Лы лей зытелъ цІыху. **19**. Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыІакІуэ Іэзэ ... ФатІимэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

***Гъатхэпэм и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Вакъэ; **3**. Анэш; **7**. Щхьэл; **9**. Лъахэ; **12**. ФафІэгын; **17**. КІагуэ; **18**. Бажэ; **19**. Дыщэ; **20**. Хьэуа.

***Къехыу:*** **2**. Къалэ; **4**. Налъэ; **5**. Іущхьэ; **6**. Къуэды; **8**. Сэтэней; **10**. Іуфэ; **11**. Іунэ; **13**. КъуакІэ; **14**. Илъэс; **15**. Дзэпщ; **16**. Гъубжэ.

● Нобэ Урысейм и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

# «Уэрэд гунэсхэр»



**А фIэщыгъэм щIэту къафэмрэ уэрэдымкIэ «Амикс» гупым концерт-уэршэр пшыхьхэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щригъэжьащ.**

«СЫНОЖЬЭ, къэгъэзэж» япэ пшыхьыр ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрыр хэту къызэрагъэпэщащ.

Гупым я унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къул Амир** зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ зэхыхьэ Отаров Керим и цIэр зезыхьэ Балъкъэр щэнхабзэ центрми и гъусэу ящIыну я мурадщ.

- Иджырей пшыхьыр хуэгъэпсауэ щытащ Украинэмрэ ди къэралымрэ я гъунапкъэхэм къыщыхъу IуэхугъуэхэмI. Ди къэралым щыпсэу куэдым хуэдэу, дэри а Iуэхухэм дрогузавэ. Уэрэдхэр къыхэтхын ипэ, сэ щIалэгъуалэм сепсалъэри, я Iуэху еплъыкIэм зыщызгъэгъуэзащ. ЩIалэр армэм зэрыдашыр, итIанэ къулыкъу ищIауэ къызэригъэзэжыр теплъэгъуэ цIыкIу хуэдэу концертым къыщыдгъэлъэгъуащ, - жеIэ Къулым.

ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Езауэ Мадинэ** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ студент щIалэгъуалэр дапщэщи зэманым декIуу, абы и къэхъукъащIэхэми пэджэжу щытын хуейуэ къызэрилъытэр.

- Музыкэ спектаклым хэтащ дохутыр, журналист, филолог IэщIагъэхэм хуеджэ студентхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ мы гупым урыс, балъкъэр хъыджэбз цIыкIухэр къызэрыхашар. Абыхэм икъукIэ дахэу адыгэбзэкIэ уэрэд жаIащ. ЩIалэгъуалэм яфIэфI дыдэу мы Iуэхур къызэдащтащ икIи лъэпкъ зэхэгъэж зэрамыIэм хуабжьу сегъэгуфIэ. Сэ гу лъыстащ иджырей щIэблэр, сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIари, зэрызэгурыIуэным яужь зэритым, - жеIэ Мадинэ.

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щагъэлъэгъуа концерт-уэршэр пшыхьхэм хуэдэхэр нэхъыбэ ящIыну я мурадщ.

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ**.

# Чипсхэр сэбэп хьэмэрэ зэран?

**Тыкуэнхэм зэмылIэужьыгъуэ куэду щIэлъ «чипс» жыхуаIэхэр къызыхащIыкIыр пIащIэ дыдэу зэтегъэжауэ сэхуран дагъэ уэркIэ ягъажьэ кIэртIофщ. АтIэ сыт абы зэраныгъэу къишэр?**

КIЭРТIОФ къызэрыгуэкIыр щыбгъажьэкIэ, абы куэду хэлъ крахмалыр лышх узыфэм къежьапIэ хуэхъу «акриламиды», «акролеины» жыхуаIэ пкъыгъуэ зэранхэм хуокIуэ. Апхуэдэу ар и зэранышхуэщ гум, тхьэмщIыгъум, жьэжьейм. Акролеиным хуэдэу цIыхум зэран хуэхъу пкъыгъуэ къэгъуэтыгъуейуэ къалъытэ.

Крахмалым къыдэкIуэу, чипсым халъхьэ щабэу зэтеуда прунж е нартыху хьэжыгъэ. Зэрагъажьэр щыIэм я нэхъ дагъэ пудымрэ Iеймрэщ. Ар къыщIэзыгъэкIхэр цIыхум я узыншагъэм елIалIэркъым, ахъшэ къызэралэжьыным фIэкIа. А псом къищынэмыщIауэ, абы куэду халъхьэ шыгъур, натрийм и глютамат пкъыгъуэ зэраныр, консервантхэр.

КIэртIофым къыхащIыкI чипсхэм къакIэрымыхуу, сату щIапIэхэр къуащ мыIэрысэ, банан, кокос гъэгъуахэмкIэ. Абыхэм сэбэпынагъ къадэкIуэн папщIэ, ахэр духовкэхэм къабзэлъабзэу, къэкIыгъэ дагъэ ирамыгъэIусэу щагъэгъун хуейщ. «Зи узыншагъэм хуэсакъхэм ящIапхъэщ чипсыр зэрымышхыныгъуэри, зэраныгъэ фIэкIа зэрыбгъэдэмылъри» - дыщегъэгъуазэ «Кавказ Ищхъэрэ МВЛ» ФГБУ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм.

ЕджапIэ нэужьым школым къыщIэкIыжа цIыкIухэм ар къащэхури, я адэ-анэхэм ямылъагъуу гъуэгум щашх. Абы трафыхьыж газ зыхэт псы IэфIхэр. ТIури щыIэм я нэхъ зэрану щIэныгъэлIхэм къызэралъытэр жаIэ зэпытщ. Абы щхьэкIэ ар къыщIэзыгъэкI зы IуэхущIапIи зэхуащIыжакъым, етхьэкъуакъым апхуэдэхэр зыщэ зы сату щIапIи. ЩIэблэм я узыншагъэм егуауэ IуэхущIапIэ къызэIузыххэм пэрыуэ нобэкIэ щыIэкъым, ар зэрызэраныр жаIэ пэтми.

**ШЭРЭДЖ Дисэ**.







**Iуащхьэмахуэ и Iэгъуэблагъэм щынэхъ цIэрыIуэхэм ящыщщ мывэм къыхэщIыкIа Iэгъэбэгу абрагъуэхэр зытет тафэр.**

# Iэгъэбэгу абрагъуэхэр

● ГъэщIэгъуэнщ

АЛАТЫРЬ бгым метр 3250-кIэ удэкIуея нэужь иIэ тафэм мывэм къыхэщIыкIауэ Iэгъэбэгу 20-м нэс щызэхэтщ. Абы и хъуреягъыр мывэкIэ къэщIыхьащ, и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ дэкIыпIэ иIэщ, Сирх бгым екIуалIэу. ЛIэщIыгъуэ куэд хъуауэ зыплъыхьакIуэхэм ягъэщIагъуэ абыхэм я инагъымрэ я теплъэ телъыджэмрэ. Ахэр зытет тафэр инкъым: метри 100 и бгъуагъыу, метр 250-рэ и кIыхьагъыу аращ.

Мы щIыпIэм къаруушхуэ иIэщ: электрон Iэмэпсымэхэр щылажьэркъым, сыхьэтхэр къыщоувыIэ. Дунейм и щытыкIэри щыгъэщIэгъуэнщ абдеж - куэдрэ плъагъунущ ихъуреягъкIэ уэшх къыщешхыу, жьапщэу, ауэ Iэгъэбэгухэм я тафэм дыгъэшхуэ къыщепсу.

Мы щIыпIэм йогхэр «Кавказым щыIэ ШамбэлэкIэ» йоджэ. Тафэм цIыхур пIейтеиншэ, гузэвэншэ щохъу, и гум зыщегъэпсэху. Языныкъуэхэм мыбы фIэщщIыгъуей телъыджэ куэд щалъагъу. ЗэрыжаIэмкIэ, мы щIыпIэм пасэ зэманым къурмэн щащIу щытащ. Абы нэмыщI, мы мывэхэм утегъуалъхьэрэ утелъмэ, узыр пщхьэщыкIыу жаIэ. Нэхъ ищхьэмкIэ щыIэ Iэгъэбэгухэм я щхьэ пIащIэхэм узыIэпашэу къыпщохъу, удэкIуеймэ занщIэу зыхыбощIэ къабгъэдэкI хуабагъыр. Нэхъ ищIагъыIуэмкIэ укъехмэ, нэгъуэщIщ - абдеж щызэхэт Iэгъэбэгухэм я щхьэм удэкIуея нэужь зыхэпщIэр щIыIэщ.

Мывэм къыхэщIыкIа Iэгъэбэгухэм я щхьэр вулкан диижащ. ЗыплъыхьакIуэхэм нэмыщI мы щIыпIэр щIэныгъэлIхэми яфIэгъэщIэгъуэну ядж.

**БИЦУ Жаннэ**.







Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.705
Заказыр №603

Газетым Iэ щытрадзар
сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинsocket и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А